Æппæт бæстæты пролетартæ, бану ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
МАЙ—
Зæрдæвæрæны
мæй
8
ДЫЦЦÆГ
№ 88 (17770)

Арæъ 3 кап.

СЦКП-йы ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ОБКОМЫ, РЕСПУБЛИКÆЙЫ МИНИСТРТЫ СОВЕТЫ, ОБЛСОВПРОФЫ
ÆМÆ ФÆЛКЦ-йы ОБКОМЫ

УÆЛАХИЗДЗАУТЫ — КАДЫ ФÆЙНÆГМÆ

1990 азы 1 кварталы Цæгат Ирыстоны АССР-йы районты, фæллойадон коллективты æмæ куыстады раззагдæрты социалистон ерысы бæрæггæнæнтæ бахынцгæйæ, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы бюро, республикæйы Министрты Совет, облсовпроф æмæ ФÆЛКЦ-йы Цæгат Ирыстоны обком сæ уынаффæйы куыд бацамыдтой, афтæмæй республикæйы промышленность 1990 азы фылдæр уадзын райдыдта продукцийы хицæн хуызтæ, фæллойы æнтысындзинад фæфылдæр 3,1 проценты. Колхозты æмæ совхозты ивгъуыд азы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, фылдæр æлхæныл райдыдтой æхсыр, фылдæр цæттæгонд æмæ уæйгонд æрцыд æйчытæ.

Фæлæ адæмонхæдзарадон комплексы гæнæнтæй уæддæр æххæстæй пайдагонд нæма цæуы.

Промышленность бадзырдон хæслæвæрдтæ сæххæст кодта 99,7 процентæй, æфтиаг исыны пълан — 98 процентæй.

Фароны фыццаг кварталимæ абаргæйæ, къаддæр сты цæрæнуат цæттæ кæныны бæрцытæ.

Автомобилон транспорт нæ сæххæст кодта уæзæгтæ ласыны пълан. Хъæууон хæдзарады дзидзайæн къаддæр уæйгонд æрцыд фос æмæ маргъ.

СЦКП-йы обкомы бюро, республикæйы Министрты Совет, облсовпроф æмæ ФÆЛКЦ-йы Цæгат Ирыстоны обком сæ уынаффæйы куыд бацамыдтой, афтæмæй промышленности, арæзтады, транспорты æмæ бастдзинады республикæйы районты æхсæн социалистон ерысы бæрзонд бæрæггæнæнтæ кæй равдыста, уымæ гæсгæ социалистон ерысы уæлахиздзауыл нымад æрцыд, **Дыгуры район**, СЦКП-йы обкомы, республикæйы Министрты Советы, облсовпрофы æмæ йын ФÆЛКЦ-йы обкомы цæуæг Сырх тырыса ратгæйæ (СЦКП-йы райкомы секретарь æмб. Икъайы-фырт, райæххæстæкомы сæрдар æмб. Туайы фырт, ФÆЛКЦ-йы райкомы секретарь æмб. Цъебойы-фырт). Район продукци æрвитыны пълан сæххæст кодта 100 процентæй. Товарон продукцийыл бафтыд 31,4 проценты, фæллойы æнтысындзинад фæфылдæр 16,5 проценты, æфтиаг райстой 4,1 проценты фылдæр, адæмон фæлхасадон товартæ рауагътой 34,7 проценты фылдæр, товарты зилдухыл бафтыд 7,8 проценты.

Фосдарынады продукттæ фылдæр рауадзыныл æмæ цæттæ кæныцыл 1990 азы 1 кварталы социалистон ерысы бæрзонд бæрæггæнæнтæ кæй равдыста, уый тыххæй СЦКП-йы обкомы, республикæйы Министрты Советы, облсовпрофы æмæ ФÆЛКЦ-йы обкомы цæуæг Сырх тырыса æхцайы премимæ læвæрд æрцыд **Рахизфарсы районæн** (СЦКП-йы райкомы секретарь æмб. Дзуццы-фырт, райæххæстæкомы сæрдар æмб. Мамсыры-фырт, АПИ-йы сæрдар æмб. Пхалæгайы-фырт, АПК-йы куыдзы-фæлкц-йы райкомы секретарь æмб. Асены-фырт). Фарон уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, дзидзайы куыстадыл бафтыд 15 проценты, æхсыры куыстадыл — 5 проценты, æйчытыл — 54 проценты.

Фосдарынады продукттæ фылдæр кæй рауагътой æмæ паддзахадæн кæй ауæй кодтой, фосы нымæц æмæ пайда сæм кæй фæфылдæр, уымæ гæсгæ СЦКП-йы обкомы, республикæйы Министрты Советы, облсовпрофы æмæ ФÆЛКЦ-йы обкомы цæуæг Сырх тырысатæ æхцайы премимæ læвæрд æрцыдысты **Дыгуры районы колхоз «Октябры 50 азы»-йы** æмæ **Æрæфы районы Ленины номыл колхозы** коллективтæн.

Республикæйы Кады фæйнæгмæ хаст æрцыдысты промышленности, арæзтады, транспорты, бастдзинады, агропромышленон комплексы, наукæйы æмæ культурæйы, паддзахадон æмæ хъæуы хæдзарады, ахадындзинады, æнтыстхарды, æнтыстхарды æмæ æнтыстхарды, æнтыстхарды æмæ æнтыстхарды, æнтыстхарды æмæ

фæлхасадон товартæ рауагътой 34,7 проценты фылдæр, товарты ангдухыл бафтыд 7,8 проценты.

Фосдарынады продукттæ фылдæр рауадзыныл æмæ пæттæ кæнынцыл 1990 азы 1 кварталы социалистон ерысы бæрзонд бæрæггæнæнтæ кæй равдыста, уый тыххæй СЦКП-йы обкомы, республикæйы Министрты Советы, облсовпрофы æмæ ФÆЛКЦ-йы обкомы цæугæ Сырх тырыса æхцайы премимæ лæвæрд æрцыд **Рахизфарсы районæн** (СЦКП-йы райкомы секретарь æмб. Дауцыфырт, райеххæсткомы сæрдар æмб. Мамсыры-фырт, АПК-йы сæрдар æмб. Цæгатирыстойнаг-ы машинæзарæн заводы лæгъзгæнæг. Шматов Михаил Андрейы фырт — электротехникон заводы электромонтер. Чернышков Николай Иваны фырт — куыстадон иугонд «Цæгиртарæ»-йы слесыр. Ермоленко Евгения Павелы чыз — ВНИКИЦМА-йы Цæгат Кавказы филиалы гальваник. Хæныкъаты Матисе Варданы фырт — завод «Магнит»-ы куырд. Цикаев Юрий Георгийы фырт — завод «Электроцинк»-ы кусæг. Химилонты Джабраил Сафарбийы фырт — Садоны здыйы-цинчы комбинаты бригадир. Борисов Анатолий Степаны фырт — хæдзарыдзаумайы куыстадон иугонд «Хъазыбеджы» оператор. Цомайты Хасан Аликсандры фырт — цъындадзаумайы куыстадон иугонды мастеры æххуысгæнæг. Байаты Максим Сосныхъойы фырт — Орджоникидзе-

Ærыдоны дзулы завод
Алагиры механизацигонд хъæды хæдзарад

КУЫСТАДЫ РАЗЗАГДÆР ТÆ

Косточко Еленæ Петры чыз — æлхъывд уæлдæфæй куысгæраты заводы пресстыл куысæг.
Сæфирæ Ивановы чыз — машинæзарæн заводы лæгъзгæнæг.

фырт, райгуырд 1940 азы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Мидхъуыддæгты министрады фыдракæндтимæ тохы хайады уæлдай вазыгджындæр хъуыддæгты хистæр опера тивон бæрнджын, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Кутузовы
17-æм æвзарæн округ — **Ахильгов Р. А.** — 1707 — 1311 — 835 — 476 — —

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Ахильгов** Руслан Алиханы фырт, райгуырд 1953 азы, СЦКП-йы Ленины райкомы инструктор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Цæхæрадæтты
74-æм æвзарæн округ — **Уырымты Ч. Г.** — 3499 — 2356 — 2263 — 93 — —

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Уырымты** Чермен Гагийы фырт, СЦКП-йы Алагиры райкомы фыццаг секретарь, СЦКП-йы уæнг, г. Алагир.

Октябры 137-æм
æвзарæн округ — **Александриди И. К.** — 2479 — 2083 — 654 — 1388 — 41
Дзæгъынаты П. К. — 2479 — 2083 — 1361 — 681 — 41

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Дзæгъынаты** Павел Константины фырт, райгуырд 1930 азы, Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозы фыццаг бригады бригадир, СЦКП-йы уæнг, Камбилеевкæ.

Суворовы
139-æм æвзарæн округ — **Багаты В. С.** — 2897 — 2282 — 983 — 1273 — 26
Тедеты Р. Е. — 2897 — 2282 — 1231 — 1025 — 26

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Тедеты** Рутен Елекърейы фырт, райгуырд 1950 азы, Октябрыхъæуы 1-æм астæукаг скъолайы директор, СЦКП-йы уæнг, Октябрыхъæу.

Милдзыхты Заирæ Мæирбеджы чыз — Рахизфарсы районы колхоз «Ирыстон»-ы хъургуыцæг.
Бигъаты Таисæ Хадзымураты чыз — Рахизфарсы районы маргъдарæн фабрик — «Цæлыкнаг»-ы бригадир.
Лохты Аснат Исахъы чыз — Горæтгæрон районы совхоз «Первомайский»-ы хъургуыцæг.
Быценты Сергей Василийы фырт — Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозы хуытæм зилæг.
Кертаныты Хетæг Хасаны фырт — маргъдарæн фабрик «Цæгатирыстойнаг»-ы оператор.
Дрнаты Харитон Артемы фырт — иугонд Агропромарæзтадпроект»-ы Орджоникидзейы 2-æм цæугæ-механизацигонд колоннæйы кусæг.
Хуырымты Владимир Сергейы фырт — дзулфыцæн промышленносты управленийы Орджоникидзейы цалцæггæнæн-механикон заводы кусæг.
Хуадонты Надеждæ Хæмыцы чызг — консервгæнæн завод «Ирыстойнаг»-ы кусæг.
Еналдыты Людмилæ Юрийы чызг — цалцæггæнæнмеханикон завод «Мотор»-ы кусæг.
Тедеты Илья Бобойы фырт — Орджоникидзейы бæгæныйы завод «Дайран»-ы механик.
Добро Николай Николайы фырт — Мæздæджы хорнсæн куыстуаты кусæг.
Цæллагты Юрий Сабаны фырт — Орджоникидзейы механикон хъæды хæдзарады кусæг.

æмæ хъуыддаджы 'гъдауæй дæр стыр ахадындзинад кæмæн ис, ахæм ахеджиаг хæстон-историон фарстатæ. Цыбыр дзырдæй, æппæт хуызты æмæ æххæстæй йæ бынаты æвæрд цæуы хæсты истори.

— Фæлæ уæддæр æмæ бамоныг кæй: хæсты 1818 боны æмæ æхсæнты нæ цас дарддæр кæнынц, уыйбæрц тыхджындæр кæны сæ алфамблай идеологон тох.

— Нæ цæхгæр фæзилæн рæстæг фæкарздæр кодта æхсæнадон царды æппæт фарстатæ, уыимæ историонтæ дæр. О, ивгъуыд хæст радзы бацис историйы. Фæлæ уый у цардæгас истори, æнæфæхицæнгæнгæ баст у абонимæ æмæ арæзт фидæнмæ. Зæрдзынæн æрмæстдæр уый, æмæ абон, зæгъæм, гермайнаг фарста ахсджиагдæр ссис канд европæйаг нæ, фæлæ дунеон политикæйы. Ныгуылæны сæ сæр хуымæтæджы не сдардтой, советон адæмы хъæбатыр сгуыхтдзинад цæсты бафтауыныл, милуангай советон адæймæгтæ цæуыл тох кодтой æмæ сæ цард цы нысанты сæраппонд радтой, уыдон ницыйæ равдисыныл чи архайы, уыцы тохтæ.

Кæд тынг хъыг у, уæддæр мах бæстæйы дæр чысыл нæ разынд, æппæтыл дæр «ногæй ахъуыды кæнынмæ», «ног аргъ скæнынмæ», «фæфæлдæхынмæ» чи фæлæбурдта, ахæм историктæ, литературтæ æмæ журналисттæ. Историйы мидæг абоны популизм йæхи зæрдиаг иртасæгæй не 'вдисы, æцæгдзинад агурыны мæт æй нæй. Уый у тызмæг æмæ æгъатыр. Уый цыбырзондæй мах уæлахиз уыдис «Пирры уæлахиз», æнтыстдзинад дзы къухы æфтыд советон адæмы æхсарæй, нæ командирты арæхстдзинадæй нæ, фæлæ адæмы æнæкæрон зиантæй. Революцийы авдæн Ленинград та, дам, хъахъхъæнын дæр ницæмæн хъуыдис.

Ис ма. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты историйæн аргъ кæныны фæдыл идеологон тох карздæр кæнынæн ахъаз чи у, ну ахæм æфсон. Дæргъвæтин рæстæджы дæргъы йын йæ бирæ фарстатыл кæнæ ныхас нæ цыдис, кæнæ сæ раст не 'вдыстой. Уыдон сты, фыццаджыдæр, хæстыразмæйы историмæ баст фарстатæ. Мах, зæгъæм, зыдтам, уæд цы дунеон ахастдзинæдтæ æвзæрыд, уыдон куыд тынг вазыгджын æмæ ныхмæвæрд уыдысты, алы кълæсты, паддзахæдты, бæстæты къордты пайдатæ кæрæдзи ныхмæ карзæй слæууыдысты, уый. Зыдтам, Советон Цæдисы ныхмæ, Советты Бæстæмæ æнæуынондзинад кæрæдзимæ чи бахæстæг кодта, ахæм егъау капиталистон дуне кæй лæууы, уымæ гæсгæ бæстæйы разамынды паддзахадон æдасдзинад бахъахъхъæныны тыххæй

Александр Кириченко бирæ азты зæрдиаг фæллой кæны Ærхонкæйы колхоз «Ильичы фæдзæхстытæм гæсгæ»-йы. Фæлтæрдджын механизаторæн хæдзарады разамынд цы бахæс кæнынц, уый сæххæст кæны æмгъуыдмæ.
КЪАМЫ: Александр КИРИЧЕНКО.
Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

ФÆСТАГ ГЕКТАРТÆ

Сындзыхъæуы колхоз «Ленины тырыса»-йы механизатортæ рæвдз архайынц ацы бонты нартхор тауыныл. Цыбыр рæстæгмæ тыд фесты силосы нартхор. Бирæ нал баззад мыггаджы нартхор байтауын дæр. Фыццаг бонтæй фæстæмæ сæ хъуыддæгтæ рæвдздæр цæуынц æртыккæгæм бригады уæнгтæн. Адон кусынц арендæйы æмæ сын хорз æнтысы. Боциты Амырхан, Тандуты Хазрет æмæ Химилонты Валери сæ хæслæвæрдтæ ахицæн кæнынц бирæ фылдæртæй. Ныртæккæ механизатортæ тауынц нартхоры фæстаг гектартæ.

Къæвдаты фæстæ хорз уавæры сты раггæнд культурты хуымтæ æмæ фæззыгæндтæ. Рапс кæм ныккастой, уыцы зæххытæ ногæй афæлдæхтой æмæ дзы тауынц холладжы культуртæ. Хуым кæныны агъоммæ мæрмæ хæссынц минералон хъацæнтæ.

Нæ уацхæссæг.

ÆВЗАРÆН ОКРУГТЫ ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йЫ СÆЙРАГ СОВЕТЫ АДÆМОН ДЕПУТАТТЫ ÆВЗÆРСТЫТЫ ДЫККАГ ХАТТ ХЪÆЛÆС КÆНЫНЫ БÆРÆГГÆНÆНТЫ ТЫХХÆЙ ОКРУГТЫ ÆВЗАРÆН КЪАМИСТЫ

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

1990 азы 5 майы чи уыд, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатты уыцы æвзæрстыты округты æвзарæн къамистæ сбæлвырд кодтой дыккаг хатт хъæлæс кæныны ахæм бæрæггæнæнтæ:

Æвзарæн округ	Кандидаттæ	Округжы цал æвзарæджы ис	Цалæй хъæлæс кодтой	Кандидатыл схъæлæс кодтой	Кандидаты ныхмæ схъæлæс кодтой	Бюллетентæй растыл цал нымад не рцыд
Курчатовы 4-æм æвзарæн округ	**Гуыбаты К. А.**	2893	1987	1116	839	32
	Токаты Н. Х.	2893	1987	791	1164	32

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Гуыбаты** Константин Аврамы

ÆППÆТ УЫДÆТТЫ ТЫХХÆЙ ÆМБÆЛЫ ДЗУРЫИ ÆМÆ ФЫССЫН

Фæлæ рох кæнын не 'мбæлы: фашистон лæбурд не 'руадзыныл чи архайдта, иунæг ахæм паддзахад Советон Цæдис уыдис, Советон Цæдис Европæйы иумæйаг æдасдзинады зæрдæдаргæ уаг саразыныл чи архайдта, нунæг ахæм паддзахад уыдис, уый.

— Хæсты райдайæны ССР Цæдисмæ æмæ фашистон Германмæ цас тыхтæ уыдис æмæ сæ бæрц куыд нигæ цыдис? Цы уыдысты нæ къуыхцыты аххосæгтæ хæсты райдайæны?

— Зындгонд у, ССР Цæдисы ныхмæ хæстмæ фашистон Герман комкоммæ цæгтæ кæныны кæй райдыдта 1940 азы июны. Хæст райдайыны размæ уый цалдæр хатты фæфылдæр кодта æппæт хæцæнгæрзты æмæ хæстон техникæйы рауагъд. Немыцаг гæрзифтонг тыхты нымæц схæццæ 2,3 милуан адæймагмæ (209 дивизийы). Уыдонæй комкоммæ Скæсæны хæстæн нысангонд уыдысты 5,5 милуаны кæнæ 190 дивизийы, 4300 танчы, 5000 хæдтæхæддæг бæрц, 41,2 мин сармадзаны æмæ миномегы,

192 хæстон науы

(Кæрон 3 фарсыл).

Партион цард: СЦКП-йы райкомты конференцитæ

ЦАРДЫ ДОМÆНТÆ ФЫЛДÆР СТЫ

Ацы хатт партийы Алагиры райкомы дзуаппон доклад нæ райдыдта фæллойы бæрæггæнæнтæй. Докладгæнæг райкомы фыццаг секретарь Уырымты Чермен фылдæр цæстæнгас аздæхта идеологон æмæ социалон-политикон фарстатæм.

Райком архайдта рацарæзты домæнтæ æххæст кæныныл. Фæлæ нысантæ се 'ппæт къухы нæ бафтыдысты. Фæллойгæнджыты политикон æмæ экономикон ахуыртæ нæма сты ног домæнты аккаг. Уыдон бирæ хуыздæр цыданккой, партийы райком, фæллойадон коллективты разамонджытæ уыцы куыстмæ стыр бæрнондзинад куы 'вдыстаккой, уæд.

Нывылдæргæнинаг у интернационалон хъомылад. Фæсивæды 'хсæн диныл чи 'ууæнды, ахæмтæ бирæ нс. Цæхгæр фæхуыздæр кæныи хъæуы атеистон хъомылад æрзæг фæлтæры хсæн. Нырма сын фаг фадæттæ нæй куыстæй, ахуырæй уæгъд рæстæг культурон æгъдауæй арвитынæн. Фылдæр коллективты нæй физкультурон-спортивон фæстæ. Ахуырдзауты зонындзинадтæ нæма дæттынц дзуапп реформæйы домæнтæн. Скъолаты материалон бындур у хуыздæргæнинаг. Алагиры фыццæгæм, дыккæгæм æрттыккæгæм æмæ фæндзæм астæуккаг скъолатæ нырма кусынц дыгай сменæтæ. Афтæмæй зын у ахуырдзаутæн æппæт хуызты хъомылад дæттын.

Дзуаппон рæстæг СЦКП-йы райком архайдта партион-организацион куыст рацарæзыныл. Сыдæгтай рæзы коммунисты политикон зондахасты активондзинад. Райком йæхæдæг, райдиан партион организацитæ тырнындтой разамынды политикон мадзæлттæй пайда кæнынмæ. Фæзылдæр сты алыхуызон æмбырдтæ, семинартæ.

Æфрамæ конференцийы æвзарст æрцыд райком 76 уæнгæй. Хъуамæ уый лæвæрдтанд разамынд районы партион организацийæн. Фæлæ афтæ нæ рауад. Æвзарст ороган райкомы куысты нæ уыд ахадгæ, æмæ йæ ногта йæ бæсты райкомы аппарат. Фылдæр фарстатæ дæр бюротæм, пленумтæм уый цæттæ ногта.

Уæддæр æвдисынц сæхи уæнмæрдæй. Дзержинскийы номыл колхозы, пардыуаджы комитет æххæстгонд æмæ æндæр партион организацийты муæй-ныу конференцитæ. Партийы райкомы бюройы уынаффæ æххæстгонд нæ цæуы.

Хуыздæр нæ кæны уавæр капиталон арæзтады. Арæзтадон организацитæ не 'ххæст кæнынц сæ пълантæ. Арæзтæдтæ æмгъуыдтæм нæ фæвæййынц, раттынц сæ æрдæгкондтæй, ныллæг хæрзхъæддзинæдтимæ.

Тæссаг моралон-психологон уавæр сæвзæрд автотранспортон куыстуæтты коллективты. Зæронд автопарк, зын финансон æмæ куыстадон уавæртæ тынг стыхсын кодтой шофырты. 1691-æм автоколоннайы æмæ бæлццæттæлæсæн куыстуаты разамынд Кучиты Э., Козаты Хъ. уавæр фæхуыздæр кæнынмæ хъæбысты администрацион гæнæнтæй. Партион организацитæ та уыл нæ ахъуыды кодтой. Администрацийы æмæ коллективты 'хсæн ахастдзинæдтæ фæцудыдтой.

Районы фыдракæндтæ нæ къаддæр кæнынц. Барадхъахъхъæнæг органты архайды нырма ис формалондзинад, лæмæгъ у сæ фæллойадон æгъдау.

Конференцийы архайдкæнтæ æрæвæрстысты партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы районы партион организацийы муæй-ныу конференцитæ. Партийы райкомы бюройы уынаффæ æххæстгонд нæ цæуы.

Фыццаджы хуызæн бирæ у продукцийы хиаргъ. Нырма знантæ цæуы хæдзарæдтыл мæнæу, халсартæ, дзидза нсынæй. Раппæлинаг нæу промышленнон куыстуæтты архайд. Уыдон фарон рауагътой, 1988 азимæ абаргæйæ, товарон продукци 3,7 проценты къаддæр. Нæ сырæзт куыстады бæрц ацы азы фыццæгæм кварталы дæр. Æрмæст Садоны здыйы-цинчы комбинат нæ рауагъта продукци 157 мин сомы аргъ. Зын уавæры бахауд Садоны комбинат. Фæкъаддæр кодта хомаг сгарыны æмæ цæттæ кæныны куыстытæ. Цы продукци дæтты, уый хæссы зиан:

Комбинаты зын экономикон уавæр æвзæрыдæм зыны фæллойгæнджыты социалон фарстатæ лыг кæныныл. Нал цæуынц арæзт цæрæн хæдзæрттæ, февзæрдæр сты цардыуаджы уавæртæ, фылдæр кæны рынчыны нымæц, схæццæ-мæццæ нс экологон уавæр.

Æрзæткъахджыты социалон уавæртæ фæхуыздæр кæныны фæдыл райком бæргæ байхъуыста комбинаты директор Ю. И. Прилепскийы дзуапмæ, снысан кодта мадзæлттæ дæр, фæлæ уавæр нæ фæрæстмæдæр. Партийы райкомы бюройы уынаффæ æххæстгонд нæ цæуы.

Хуыздæр нæ кæны уавæр капиталон арæзтады. Арæзтадон организацитæ не 'ххæст кæнынц сæ пълантæ. Арæзтæдтæ æмгъуыдтæм нæ фæвæййынц, раттынц сæ æрдæгкондтæй, ныллæг хæрзхъæддзинæдтимæ.

Районы партион организацийы контролон-ревизион къамисы сæрдарæй конференци равзæрста Æгъуызарты В. С. Раздæр куыста СЦКП-йы райкомы партион къамисы сæрдарæй.

Уыдис партийы ног равзæрст райкомы фыццаг пленум. Уый æркаст организационон фарстатæм. Сфидар кодта райкомы хайæдты сæргълæуджыты. Райкомы дыккаг секретарæй æвзæрст æрцыд Пацюрин В. А., секретарæй — Мсойты А. А.

ХЪÆРДЖЫНТЫ Т.

ÆНТЫСТЫТÆМ ТЫРНГÆЙÆ

Советон районы VII партион конференцийы архайджытæн, ныртæккæ алы ран дæр куыд у, афтæ сæ ныхас, сæ мæт уыд, сæ размæ цы хæслæвæрдтæ æрæвæрдтой, уыдон сæххæст кæныныл, СЦКП-йы XXVIII съездыл цавæр æнтыстдзинæдтимæ сæмбæлдзысты, уыдæттыл. Раздæры конференцитæй ацы конференци хъауджыдæр уыд уымæй, æмæ райкомы фыццаг секретарь æмб. Быгъуылты О. Т. йæ доклад кæсгæ нæ кодта. Делегаттæ дыууæ боны раздæр базонгæ сты докладимæ, Базыдтой, райкомы куысты хорз æмæ рацаразинаг хъуыддæгтæ, Алы делегат дæр æмбæрста, ныхасы бар æм куы 'рхауа, уæд цæуыл дзурдзæн, цы фæндæттæ бахæсдзæн.

Конференци байгом кодта партийы райкомы фыццаг секретарь. Куыд бакуыстам иу конференцийæ иннæ конференцимæ? Цас фæхуыздæр партион комитетты æмæ райдиан организацияты æрвылбоны архайд? Цы фæзынд сæ куысты ногæй? Нæ фадæттæй куыд спайда кодтам? Уыцы æмæ бирæ æндæр ахсджиаг фарстатыл уыд сæ ныхас конференцийы делегаттæн. Сæ мидис арæзт уыд иу нысанмæ: куыд кусыс дæ бæрнон бынаты, куыд æххæст кæныс раздзоджы хæс, куыд тырныс стырдæр æнтыстытæм.

Егъау у Советон район. Ис дзы бирæ промышленнон куыстуæттæ, арæзтæдтæ. Сыраэыдысты сæ нымæцмæ гæсгæ дæр æмæ сæ арæхстдзинæдтæм гæсгæ дæр райдиан партион организацитæ. Уыдонæн, раныхасгæнджытæ куыд дзырдтой, афтæмæй фæстаг азты бæлвырддæр разамынд дæтты райком, йæ фыццаг секретарь Быгъуылты О. Т. Домы сæ хуыздæр куыст. Уый руаджы бæлвырд фæкуыстхъомдæр сты, арæхдæр равзарынц сæ æмбырдты экономикон фарстатæ, нудадзыг бæрæг кæныиц, уынаффæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый.

Рацарæзты рæстæг бирæ лыгæниаг хъуыддæгтæ уыд æмæ ис райкомæн, йæ бюройæн. Æргом фылдæр адæхт цыдис идейон-хъомыладон куыстмæ. Бюройы уæнтæ æмæ иннæ бæрнон куыдзыстæ, раздæры ахæмæ абаргæйæ, арæхдæр æмбæлдзысты æрдæгкондтæй, æххæстгонд æмæ æндæр партион организацитæ æрæхстдзинæдтæ, куыстуæтты парторганизациты æмæ райкомæн йæхи архайд. Амынд æрцыдис, зæгъгæ, æппæт фæллойадон коллективтæ дæр лæмбынæг æрныхас кодтой СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проекттыл. Ацы вазыгджын документтæ амонынц раст фæндæттæ канд партийæн нæ, фæлæ æппæт бæстæйæн дæр.

Платформæйы проекты цы уагæвæрдтæ ис, уыдон хорзыл банымайæн ис, авторитарон системæмæ æмхиц кæй нæу, барадон паддзахад саразын, хæдзарадон æмæ политикон механизмы зæронд мадзæлттæй нæ пайда кæныныл ныхас кæм цæуы, уыцы бынæттæ. Ныхасы архайджытæ æрцыдысты ну хатдзæрмæ: СЦКП-йы Уставы проект æнæхъæнæй дæр дзуапп дæтты рæстæджы домæнтæн, парти гом кæны демократизацийæн ног гæнæнтæ æмæ уавæртæ. Фæлæ уыдон загътой сæ фæндæттæ æмæ хъуыдытæ дæр.

Зæгъæм, Николаевскы астæуккаг скъолайы директор М. М. Судаков фæндон бахаста, цæмæй СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы хуыздæр амынд уа партийы архайды уаг, бæстæйы бирæпартондзинад куы фæзындис, уæд, Хуыздæр уаид, СЦКП-йы Уставы проекты ма фыст куы 'рцæуид, критикæйы ныхмæ чи тох кæны, уыдон æфхæрд цæмæй цæуой, уый. Цæгогты Георгийы номыл совхозы парткомы секретарь Дзарданты К. Т. загъта, цæмæй Уставы цыбырæй фыст æрцæуой коммунисты хæстæ. Уый ма загъта, цæмæй партимæ чи цæуы, уыдонæн, раздæр куыд уыд, афтæмæй кандидатон стаж баззайа.

Хъæбæр гæххæттæй къоппыты фабричы партион организацийы секретарь Сабанты Ф. И, йæ ныхасы загъта, партийы æмæ бæстæйы дæр цы уæззау уавæр сæвзæрд, уыдоны тыххæй, зын равзарæн кæй у, цы алыхуызон информацитæ цæуы, уыдон. Ацы уавæры партийы активисттæн бирæ куыст ис, уыдон хъуамæ лæууой æмæ раст амоной партийы политикæ, фæлæ, хъыгагæн, хатгай сæхæдæг дзæгъæлтæ кæныи байдайынц. Уымæ гæсгæ, ныхасгæнæг фæндон бахаста, цæмæй фылдæр æргом здæхт цæуа партактивы ахуыртæм, пайдагонд цæуа алыхуызон мадзæлттæй. Хуыздæр уаид, райкомы кусджытæ сæ фылдæр рæстæг райдиан партион организацийты æмæ фæллойадон коллективты куы 'рвитиккой, уæд.

Конференцийы зынгæ бынат æрцахста, партийы органты функцитæ ивд куы цæуынц, уæд идеологион куыст куыд рацаразын хъæуы, уый. Амынд æрцыд райком, дам, йæ цæст хуыздæр дарын райдыдтой. Раныхасгæнджытæ куыстуæт

йы райком архайдта партион-организацион куыст рацаразыныл. Сындæггай рæзы коммунисты политикон зондахасты активондзинад. Райком йæхæдæг, райдиан партион организацитæ тырнынтой разамынды политикон мадзæлттæй пайда кæнынмæ. Фæкъаддæр сты алыхуызон æмбырдтæ, семинартæ.

Айрамæ конференцийы хæссæг æрцыд район 75 партийаг разамынд районы партион организацийæн. Фæлæ афтæ нæ рауад. Æвзæрст органи райкомы куысты нæ уыд ахадгæ, æмæ йæ кодта йæ бæсты райкомы аппарат. Фылдæр фарстатæ дæр бюротæм, пленумтæм уыйдæттæ кодта.

Уæддæр æвдисынц сæхи уæнгмардæй. Дзержинскийы номыл колхозы, цардыуадзы домæнтæ æххæстгæнæнæн комбинаты æмæ æндæр партион организацийы нывæй-ныу коммунисттæ. Дзержинскийы номыл колхозы партион организацийы кумæйаг æмбырдтæ дзуаппон рæстæг нæ уыд. Парткомы уæнгтæй иу дæр йæ хæстæ нæ зыдта, никуы æрæмбырд сты. Коммунисттæй ничи læвæрдта дзуапп Уставы домæнтæ æххæст кæныны фæдыл.

— Партион æгъдау канд ацы партион организацийы нæу ныллæг. Махмæ дæр хуыздæр нæу, — дзырдта йæ раныхасы совхоз «Коммунизммæ фæндадзы» дыргътæлæмарæн цехы технолог Бутаты Арсен. — Тынг зын нæм-у коммунисты æмбырдмæ æрæмбырд кæныны фæдыл. Уæвгæ æмбырды диссагæй ницы вæййы — раныхас-баныхасыл фæвæййынц. Сæ уынаффæтæ царды рауадзыныл ничи фæархайы.

— Райдиан партион организацитыл аудын хъæуы, бацамыдта пенсисæг Гæлæбаты Владимир. — Махмæ, совхоз «Дзуарыхъæу»-ы æртынкæгæм бригады партион организацийы, афедзы дæргъы ну æмбырд йедтæмæ нæ уыд. Уый партномы, райкомы нæ батыхсын кодта.

Амстыр уайдзæф хауы партийы райкомы организацион-партион æмæ кадртимæ куысты къамисмæ (йæ сæрдар СЦКП-йы райкомы дыккаг секретарь В. А. Пашорин), партийы райкомы организацион хайадмæ (сæргълæууæг Джидзалты Б.).

Партион куысты нæй экономикæйы рæзтыл аудындзинадæй.

Азæй-азмæ рæзы районы хъæууон хæдзарады бæрц. Уый фадат радта фарон паддзахады хæстæ сæххæст кæнынæн: хорæй — 117 процентæй, картофæй — 119, дыргътæй — 100, дзидзайæ — 113, æхсырæй — 104 процентæй. Уæддæр басеттын хъæуы, нывæй-ныу хæдзарæдтæ нæ сæххæст кодтой хъæууон хæдзарады сæйрагдæр продуктæ исыны æмæ цæттæ кæныны пълантæ.

Æгъау у Советон район. Ис дзы бирæ промышленнон куыстуæттæ, арæзтадтæ. Сыраезыдысты сæ нымæцмæ гæсгæ дæр æмæ сæ арæхстдзинадтæм гæсгæ дæр райдиан партион организацитæ. Уыдонæн, раныхасгæнджытæ куыд дзырдтой, афтæмæй фæстаг азты бæлвырддæр разамынд дæтты райком, йæ фыццаг секретарь Быгъуылты О. Т. Домы сæ хуызæр куыст. Уый руаджы бæлвырд фæкуыстхъомдæр сты, арæхдæр равзарынц сæ æмбырдты экономикон фарстатæ, кудадзыр бæрæг кæнынц, уынаффæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый.

Рацарæзты рæстæг бирæ лыггæнинаг хъуыддагтæ уыд æмæ ис райкомæн, йæ бюройæн. Æргом фылдæр адæхт цыдис идейон-хъомыладон куыстмæ. Бюройы уæнгтæ æмæ иннæ бæрнон куыдзытæ, раздæры азтимæ абаргæйæ, арæхдæр æмбæлдысты фæллойгæнджытимæ, партион активимæ, сфæлдыстадон интеллигенцимæ. Райдиан æмæ цехты партион организацияты дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдты æвзæрст æрцыдысты райкоммæ, горкоммæ, партийы обкоммæ кандидаттæ, облæстон партион конференцийы æмæ СЦКП-йы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Конференцийы бæлвырд ныхас цыдис кадртæ æвзарыны æмæ сæ куысты раст æвæрыныл, хъомыл кæныныл. Уæлдай фылдæр æргом адæхт цыдис партион комитетты æмæ бюроты уæнгтæй, организацияты секретартæй арæхстдзинадтæры равзарыныл. Кадртимæ куысты фарста иудадзыгдæр хъуамæ уа партион организацияты боны фæткы. Уымæн æмæ кадры арæхстдзинæй куыстæй бирæ аразгæ сты æнтыстдзинадтæ. Промышленнон куыстуæтты, транспорты, æндæр куысæндæтты разамонæг куысдзытæ æвзæрст æрцыдысты альтернативон æгъдауæй. Ахæм хуызы равзæрстой Орджоникидзейы прибортæаразæн заводы директор В. А. Сидоровы, механизацитонд хъæды хæдзарады директор Хетæгкаты Хъ. Д., автотранспортон куыстуат «Орджоникидзейаджы» директор Бигъаты Ю. Т. æмæ æндæрты. Стыр продукцийы рауагъд æмæ хæрахъæддаинад. Адджинæгты фабрик, æхсыры комбинат, аивадон фонды территорион-куыстадон комбинат, «Агропромарæзтад»-ы æфсæнбетон къæйты завод фæлхасгæнджытæн кæгъуыл аз нæ радтой продукци 3283 мин сомы аргъ. Прибортæаразæн заводы, автотракторон электрон дзаумæтты заводы, пъландзаумайы куыстадон нугонды æмæ æндæрты фæныллæгдæр фæллойадон æгъдау, нс дзы куыстмæ æнæфсонæй нæ рацæуыны цаутæ. Адæмон лæгтæдты куыстуæтты, базарадон, медицинон кусæндæтты архайды нырма нс бирæ хъуагдзинадтæ.

Партион конференцийы раныхасгæнджытæ куыстуат «Вторчерметы» директор Джергаты Г., завод «Грап»-ы парткомы секретарь Г. Абраменко, райæххæсткомы сæрдар А. Омельченко, 40-æм скъолайы ахуыры хайады сæргълæууæг Л. Тихонова, сывæллæтты рыгъыдоны сæйраг дохтыр Калоты Къ., æфсæддон комиссар Гогичаты Б., мидхъуыддæгты хайады хицау Хъалæгаты А., ветеранты советы сæрдар Косты В., адæмон контролы комитеты сæрдар М. Цуров, 26-æм скъолайы директор Б. Гольдман — æдæппæт ссæдз адæймаджы, сæ раныхæсты хорз аргъ скодтой райкомы куыстæн, йæ секретартæ Быгъуылты О. Т. æмæ Мамсыраты В. И. хъæппæрисджын архайдæн.

Конференцийы уыд æмæ раныхас кодта Цæгат Ирыстоны обкомы дыккаг секретарь А. Г. Павленко.

Конференци равзæрста ног райком, СЦКП-йы XXXIII-æм облæстон партион конференцимæ делегаттæ, партийы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Районы партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамисы сæрдарæй æвзæрст æрцыд О. И. Овчарова.

Уыцы бон уыдис СЦКП-йы Советон райкомы ног пленум. Æрныст организацион фарстатæм. Райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Мамсыраты В. И.

ТЕПСЫХЪОТЫ З.

АХСДЖИАГДÆР— МИДПАРТИОН ФАРСТАТÆ

Дыгуры районы партион конференцийы дзуаппон доклады загъд уыд: «СЦКП-йы райком йæ æрдæ дары, конференцийы чи раныхас кæна, уыдон кæй сбæрæг кæндзысты, рацарæзт куыд цæуы, уый. Рацарæзт фадат ратдзæн социалон-психологон ахастдзинадтæ хуыздæр кæнынæн, фæфылдæр кæндзæн алы коммунисты бæрнондзинад æмæ фидардæр уыдзысты районы парторганизацийы рæнхъытæ».

Райкомы фыццаг секретарь Икъаты Г. Д. доклад цалдæр боны размæ læвæрд æрцыдис конференцийы делегаттæн æмæ йæ кæсын нал бахъуыд. Уымæ гæсгæ делегаттæн рæстæг уыдис, цæмæй хорз базонгæ уой доклады мидисимæ.

Доклады фæдыл цы ныхас баййдагъ, уымæн йæ сæйрагдæр хъуыдытæ уыдысты: мидпартион фарстатæсгæ та республикон органы, тынгдæр та Сæйраг Советы, фылдæр æргом адæхын хъæуы уыцы фарстатæм.

Делегаттæ критикæ кодтой республикон арæзтадон организацияты дæлхъабæзты, социалон, культурон, цардыуадзы бæстыхæйттæ саразынмæ уазал цæстæй кæй кæсынц, уый тыххæй. Райоиы адæмон ахуырады хайады сæргълæууæг В. Ионосян стыр мæстæй дзырдта скъолаты æмæ сывæллæттыты рæвдауæндæтты бæстыхæйттыты арæзтады къуылымпыдзинадтыл. Уый ныхас дæнцæгтæй бафидар кодта Мæздæджы арæзтадон управленийы хицау Г. Адамов дæр.

Къуылымпытæ къаддæр уыд районы промышленности рæзты, фæлæ афтæ зæгъæн нæй, æмæ дзы алцы дæр банывыл, зæрдæ йæм нал æхсайы. Райком фаг не 'взæрста промышленности уавæр, йæ хъус дардта æрмæст пълантæ æххæст кæнынмæ, пълантæ аразынмæ.

— Афон у ныхасæй хъуыддагмæ рахизынæн, — загъта йæ раныхасы совхоз «Терчы» директор Гокъинаты С., — афон у дысвæлдæхтæй кусын райдайынæн. Ивгъуыд партион конференцийы уынаффæтæн сæ сæйрагдæртæй нывæй-ныуæ æххæстгонд нæ 'рцыдысты. Афтæ банхъæлæн ис, æмæ районы партион организацийæ ферох сты.

Доклады загъд уыд, раныхас кодта Цæгат Ирыстоны обкомы дыккаг секретарь А. Г. Павленко.

Конференци равзæрста ног райком, СЦКП-йы XXXIII-æм облæстон партион конференцимæ делегаттæ, партийы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Районы партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамисы сæрдарæй æвзæрст æрцыд О. И. Овчарова.

Уыцы бон уыдис СЦКП-йы Советон райкомы ног пленум. Æрныст организацион фарстатæм. Райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Мамсыраты В. И.

ТЕПСЫХЪОТЫ З.

НОГДЗИНÆДТÆН— УÆРÆХ ФÆНДАГ

Мæздæджы районы 44-æм партион конференцийы делегаттæ æнхъæлмæ кастысты, зæгъгæ, дзуаппон доклады амынд æрцæудзысты фæстаг азты куысты æнтыстдзинадты æмрæнхъ хъуагдзинадтæ, къуылымпытæ æмæ уыдонæй рацæуыны фæндæгтæ. Райкомы фыццаг секретарь В. А. Стоянов æмæ конференцийы раныхасгæнджытæ, æцæгдæр, бацамыдтой ивддзинадтæ. Уыдон, фыццаджыдæр, баст сты хойраджы программæ æххæст кæнынмæ. Колхозтæ «Октябры 40 азы», «Ленинон фæндаг», «Сырх Ирыстон», Кировы номыл колхоз, совхозтæ «Черноярский» æмæ «Хæлардзинад» дзæвгар бавæрæн бахастой уыцы арфæйаг хъуыддагмæ. Рæзыныц арендæй кусыны хуызтæ. Раст зæгъгæйæ, ног ахастдзинадтæ банывыл кæныныл СЦКП-йы райком æмæ парткомтæ фаг нæ архайынц æмæ райдайæны сæ къухы зынгæ æнтыстдзинадтæ нæма 'фты.

Докладгæнæг æмæ делегаттæ бацамыдтой, республикæйы разамонджытæ, цыма мæздæггæттыты авналæнтæ æнæкæрон сты, уыйау сын азæй-азмæ фылдæр кæнынц сæ пълантæ хъæууон хæдзарады сæйраг культуртæй. Социалон домæнтæ æххæст кæнынмæ, куыстадон базæ фидардæр кæнынмæ та хуызæн пæстдард нæй. Партийы райкомы бюройы хъуыдымæ

РАЦАРÆЗТЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ

Не 'хсæнады ахæм къабаз нал ис, рацарæзт арф уидæгтæ кæм нæ ауагъта. Уымæ гæсгæ иунæг партион организаци, иунæг коммунистæн дæр йæ бон нæу парты нывтæм æдыхстæй, куыдфæндыйы цæстæй кæсын. Уыл дзурæг уыдис Æрæфы районы партион организацийы дзуапдæттæн-æвзарæн конференци дæр.

Дзуапдæттæн рæстæджы партийы райком йæ куыст ног хуызы аразын райдыдта. Фыццаджыдæр дзы арæзт æрцыд фонды къамисы, партион-организацион, идеологион, социалон-экономикон, паддзахадон-барадон æмæ аграрон фарстаты фæдыл. Къамисты сты алыхуызон куыстуæтты, хæдзарæдты, æхсæнадон организацияты минæвæрттæ. Уый фадат дæтты равзарæг партион органы æмæ райдиан организацияты 'хсæн бастдзинадтæ фидардæр кæнынæн.

Дзуаппон рæстæджы къамистæ бацæттæ кодтой æмæ сарæзтой фонды пленумы æмæ партион-советон активы æмбырд. Уымæй уæлдай ма æвæрдыгæй архайдтой партийы райкомы бюромæ ахсджиаг фарстатæ цæттæ кæныныл. Æмæ райкомы фыццаг секретарь Дзансолты Ермак конференцийы йæ доклады хорзыл б а н ымадта, ахæм къамистæ æрæзт нæй æрцыд, уый. Уымæн æмæ разамынддæттæг партион органтæ цы фарстатæм фæкæсынц, уыдон ныр бацæттæ кæнынц хъуыддаг лæмбынæгдæр равзаргæйæ, бæрнондзинад æнкъаргæйæ. Уымæ гæсгæ уыдоны цы уынаффæтæ хаст æрцæуы, уыдон æвæййынц ахадгæдæр.

Уый хорз хъуыддаг у. Фæлæ хуыздæр уыдаид, уыцы æнтыстдзинадтæ партион аппараты ивддзинадты фæрцы нæ, фæлæ, фыццаджыдæр, коммунисттæ сæ хæстæ æххæст кæнынмæ бæрнондзæр цæстæй анастысты, зæгъгæ, докладгæнæг куы бацамыдтаид, уæд.

Доклады фæдыл фыццаг раныхас кодта Ленинон фæсхомцæдисы номыл совхозы парткомы секретарь Хидиры В. Уый куыд загъта, афтæмæй райком ' нырма йæ куыст æххæстæй нæ рацарæзта. Уæлдæр дæлæмæ райдиан партион организацитæн æрвитынц, уыдонмæ чи нæ хауы, царды ахадындзинад кæмæн нæй, ахæм уынаффæтæ. Æмæ раздæр куыд уыд, афтæ райдиан партион организацитæ уыцы уынаффæты фæдыл хъуамæ рахæссой сæхи уынаффæтæ. Афтæ фылдæр кæнынц æнæпайда гæххæттытæ, фидаргонд цæуынц æнæбындур нысантæ.

Колхоз «Октябры 60 азы» парткомы секретарь Тускъаты Р. æмæ ма конференцийы иннæ делегаттæ куыд загътой, афтæмæй сфидар кæнын хъæуы райдиан партион организацийы æмæ секретары статус. У ы й фæрцы хъуамæ фæуæрæхдæр æмæ бæлвырддæр уой сæ бартæ æмæ хæстæ. Уый та фадат ратдзæн партапараты административон фæзындтытæн кæрон скæнынæн. Уæвгæ делегаттæй ахæмтæ дæр уыдис, кæцытæ партийы ног Уставы æмæ XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы прректтыл дзургæйæ, хуыздæрыл нымайынц демократон централизмы принцип. Уыдонмæ гæсгæ ахæм уагæвæрд ахъаз уыдзæн мидпартион æгъдау сфидар кæнынæн, æппæт хъарутæ дæр баиу кæнынæн.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ нæдæр докладгæнæг, нæдæр раныхасгæнджытæ, куыстадон коллективты минæвæрттæ совхоз «Æрæфы»-ы директор Тегаты В. механизацигонд хъæды хæдзарады ахорæг, СЦКП-йы райкомы бюройы уæнг А. Кичкин, совхоз «Уæлахиз»-ы парткомы секретарь Цъебойты А. æмæ иннæтæ раздæрау сæ хæдзарадон æмæ фæллойадон архайды фæдыл дзуапдæттæгау нæ дзырдтой. Докладæй æмæ раныхæстæй дæр ахæм хатдзæг скæнæн ис, æмæ, районы экономикæ æмæ социалон къабазæн уынаффæйад, комкоммæ адæмон депутатты Советтæм раттыны фæндагыл æрлæууæгæ, партион организацитæ сæхицæй нæ исынц бæрнондзинад куыстадон къабазты рæзтыл дæр.

Конференцийы архайдмытæ хуымæтæджы нæ сагъæс кодтой, Æрæфы район, хорз уавæрты уæвгæйæ, æхсыр дуцынæй республикæйы æппæты фæстæ кæй баззад, хæдзарæдтæй давджытæ кæй сарæх, уыл.

Делегаттæ сусæг хъæлæс кæнгæйæ кæй равзæрстой, уыцы ног райкомы, йæ фыццаг секретарь Дзансолты Е. Г. бахъæудзæн, конференцимæ райдиан партион организацитæй цы хъуыдытæ æрбахастой, уыдон бæстон равзарын æмæ уый бындурыл сæ дарддæры архайды программæ саразын.

Конференцийы куысты архайдта республикæйы Министры Советы сæрдары хæдивæг Лагкуты Р. О. æмæ СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы паддзахадон-барадон хайады сæргълæууæг И. В. Шмарион.

ЦÆРÆКТЫ Н.

ÆНУСТÆМ НÆМЫНÆГГÆНГÆ СГУЫХТДЗИНАД

(Кæрон. Райдайæн 1 фарсыл).

Мах гæрзифтонг тыхтæ фашистон æрбалæбурды агъоммæ уыдысты 302 дивизийы, 23,2 мин танчы, 19,8 мин хæстон хæдтæхæджы, 94 мин сармадзаны æмæ минометæй фылдæр, Фæлæ дзы Ныгуылæны уыдис æдæппæтæй 179 дивизийы æмæ 14 бригады, 10,6 мин танчы, 7,8 мин хæстон хæдтæхæджы, 3,9 мин сармадзаны æмæ минометы.

Уыцы нымæцтæ хæсгæйæ, бацамонын æмбæлы, нæ бæстæ хæстон-экономикон æгъдауæй кæй уыд хæдбар. Фæлæ æрбалæбурдæн дзуапп раттынмæ ССР Цæдисы къухы бацæттæ кæныны нæ бафтыд. Сæ бæрцмæ æмæ сæ хъæдмæ гæсгæ дæр Советон Цæдисы автоматон хæцæнгæрзтæ, танчы ныхмæ тохгæнæн фæрæзтæ, механикон ласæн тых, радиойы фæрæзтæ, хæдтæхджытæ уыдысты германиæгтæй бирæ фæстæ-заддæр.

Уавæр ноджы зындæр кодта, хæстон арæзтады цы рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уыдонмæ гæсгæ. Танкджын æмæ моторизацигонд корпустæ мах ногæй аразын рæдыдтам æрмæстдæр 1940 азы майы. Æгæр стыр аргъгонд цыдис бæхджын æфсадæн, Артиллерийы фылдæр хай ластой бæхтæ. Авиацийы хæдтæхæджыты 80 проценты уыдысты зæронд. Уæлдæфон æрбабырстæй хъахъхъæнынад нывылгонд нæ фæцис. Ахсыны тыххæй нал дзырдтам. Сырх Æфсады хъуыддæгтыл тæккæ хуызæн нæ фæзынд, арæнтæ æндæр рæттæм хаст кæй æрцыдысты, уый дæр — цыфæндыйæ дæр уыдон зæрæдтæй лæмæгъдæр уыдысты.

Нæ хæстон политикæ дæр се 'наипытæй нæ уыд. Фаг аргъгонд нæ цыд хъахъхъæнынадæн, знагæн йæ гæнæнтæ æвдыст цыдысты къаддæрæй, Сырх Æфсады гæнæнтæ та æгæр бирæйæ. Хæстон-политикон уавæрæн аргъ кæнгæйæ, нымадæуыд, Гитлер хæст нæ райдайдзæн, зæгъгæ. Сталин йæ алыварс ахæм уавæр сæвæрдта, ахæм адæм æрæмбырд кодта, æнæгуырысхойæ йыл чи æууæндыд кæнæ та, мæ бынатæй куы фæхауон, зæгъгæ, Сталины хъусын цы фæндыд, уыдæттæ чи дзырдта. Цы æфсæдты къордтæ арæзт æрцыд, уыдон нæ уыдысты нæдæр размæбырсæн, нæдæр хъахъхъæнынадон хæсты акаг. Æмæ тæккæ сæйрагдæр — хæстæввонг цæттæгонд не 'рцыдысты.

Фæлæ цыфæнды дæр фæуæд, уæддæр хъуамæ нымайæм афтæ, æмæ нæ фидæны уæлахизы разæууæлтæ бацæттæ кодтам хæстыразмæйы азты. О, советон разамынды бирæ рæдыдтытæ куы нæ уыдаиккой, уæд хæст æрцыдаид æндæр хуызы, фæуыдаид бирæ тагъддæр, къаддæр знантимæ. Æппынфæстаг уæддæр мах фæуæлахиз стæм.

Зындгонд у, хæст куыд парахат кодта, уый дæр. Уыдис дзы аст кампанийы: дыууæ хъахъхъæнынадоны, æхсæз размæбырсæны æмæ алы бæрцыты фондзыссæдзæй операцийы, 1941 азы рауадысты арæныл æмæ Смоленскыл хæстытæ, Одессæйы, Севастополы, Киевы æмæ Ленинграды хъахъхъæнынад. Мæскуыйы бынмæ ныгæд æрцыд æрвæрттывдау хæсты фæдыл немыцаг пълан. Уый фæстæйы дыууæ азы уыдысты Харьковы — Барвенковойы тох, размæбырст Ржевы бынмæ, хæстæн цæхгæр фæзылд саразæр Сталинградаг тох, цæхгæр фæзылд кæронмæ ахæццæгæнæг Курскыл æмæ Днепрыл тохтæ. 1944 азы æрцыдысты, советон æхх бынтон ссæрибармæ Советон Æфсады ссæрибарадон размæбырстæн сæрæвæрæн чи скодта, ахæм дæс егъау тохы, хæсты фæстаг аз уыдысты æхсæз стратегион операцийы, уыдонимæ ахæм ахсджиагдæртæ, куыд Скæсæн Прусснаг, Вислæ-Одераг, Венæйаг, Берлинаг æмæ Прагæйаг, уыдон æркодтой æххæст уæлахизмæ.

Хæсты кæронмæ социалистон экономикæйы фылдæр гæнгæ хъару Советон Цæдисæн радта фашистон Германæй хæцæнгæрзтæ æмæ хæстон техникæ дыууæ хатты фылдæр уадзыны фадат. Стæй уыдон уыдысты хуыздæр. Æдæппæтæй та хæсты азты нæ промышлениость рауагъта 102,8 мин танчы, 825,2 мин сармадзаны æмæ минометы, 134,1 мин хæдтæхæджы. Уагъд æрцыд 10 милуан тоннæйæ фылдæр хæстон æрмæг, 16 милуан тоннæйы артаг — йæ дæлбар чи уыд, уыцы бæстæтимæ нумæ Герман цас рауагъта, уымæй æртæ хатты бæрц фылдæр. Æмæ хъæууон хæдзарад дæр, кæд дзы рæстæгмæ бирæ зæххытæ фæхъуыд, фронтмæ дзы бирæ кусджытæ ацыд, уæддæр æфсад æфсæста, кæд зынæй, уæддæр хойрагæй, хомагæй. Уый дзурæг у уыл, æмæ ССР Цæдисы социалистон экономикæ кæд цыфæнды хæлд уыдис, уæддæр разынд капиталистонæй хъомысджындæр. Кæйдæрты зæрдæмæ уыцы æцæгдзинад ныртæккæ нæ цæуы, фæлæ æцæг цы у, уый æцæг куы у.

— Дæумæ гæсгæ, хæсты кæроны сæрмагонд минуджытæ цы уыдысты?

— Фыццаджыдæр уый æмæ сæ кодтой нугонд къордтæ, Цæдисон паддзахадтæ æппынфæстаг байгом кодтой дыккаг фронт. Архайдтой кæрæдзи хорз æмбаргæйæ. Советон Æфсадимæ уæхскиуæхск тох кодтой Польшæйы, Болгарийы, Румыны, Югославийы æфсæдтæ, Чехословакийы стыр тыхтæ. Стыр ахадындзинад уыдис, алы европæйаг бæстæйы дæр чи архайдта, адæмон ныхлæвддзинады уыцы тыхтæн.

Уыцы рæстæг сырæзыдысты иумæйаг стратегийы пълан—аразынады æмæ хæстон архайд кæрæдзиуыл бæттыны бындуртæ. Комкоммæ зæрæын хъæуы, американ, француз æмæ англисаг æфсæдты хæстон архайд кæй фæтагъддæр кодта фашистон Германæн ныффалгæрон кæныны хъуыддаг. Æппæтадæмон бæрæгбон мах аккаг аргъ кæнæм цæдисонты хъæбатыр архайдæн. Фæлæ мæм уæддæр афтæ кæсы, æмæ мæ алчидæр бамбардзæн, ацы рæнхъытæ бакæсгæйæ, ноджыдæр ма иу хатт куы зæгъон, канд Фыдыбæстæйы Стыр хæст нæ, фæлæ æппæт дыккаг дунеон хæст дæр уæлахизæй ахицæн кæнынмæ тæккæ ахъаззагдæр хай Советон Цæдис, йæ Гæрзифтонг Тыхтæ бахастой, уæд. Советон-германаг фронт йæ хæстон архайды тыхмæ гæсгæ уыдис, зæгъæм, цæгатафрикæйаг, итайлаг æмæ ныгуылæн-европæйаг фронтæй, нумæ райсгæйæ, тыхджындæр. Дæрæнгонд æрцыд знаджы 607 дивизийы — дыккаг дунеон хæсты æппæт фронтты цас уыдис, уымæй 3,5 хатты фылдæр. Цагъд дзы æрцыд фашистон цæдисы æппæт тыхты 70 процентæй фылдæр.

Мæн тынг фæндид, уыцы нымæцтыл нæ бæстæйы фидæн — æрыгон адæймæгтæ куы ахъуыды кæниккой, уый. Цæмæй сæ зæрдыл дарой æмæ аккаг аргъ кæной советон адæемы æмæ йе 'фсады æнæмбал сгуыхтдзинадæн.

— Мæскуыйы нырма ныр ахицæн, нвгъуыд хæсты бирæ фарстатæм арф æмæ æппæтвæрсыгæй каст кæм цыдис, ахæм наукон конференци. Цы зæгъыс уый тыххæй?

— Æцæгæйдæр, уымæ сæ хъус тынг æрдардтой историктæ, журналисттæ, литературтæ, Ныртæккæ, зæгъæм, дунейы дзурынц нæ зианты æрæмысæггаг нымæц — 44 милуан адæймаджы!

Уыцы нымæцы «цардвæндаг» дæр у хæсты тыххæй иннæ урс тæппыты хуызæн. Бирæ рæстæджы дæргъы не 'цæр зианты бæрц сусæг чындæуыд. Мæ зæрдыл ма лæууы, 1946 азы Сталин кæй кодта зианты 7 милуан адæймаджы кой. Иуцасдæры фæстæ йæ Вознесенский фæкодта дыууæ хатты фылдæр æмæ ма йыл бафтыдта милуан. Æмæ æрмæстдæр абон махæн нæ бон зæгъын у фидарæй: ССР Цæдисы нумæйаг зиантæ хæсты уыдысты 27 — 28 милуан адæймаджы. Фæхъуыд нæ 96,5 мин танчы æмæ хæдцæугæ сармадзаны (73,3 проценты), 317,5 сармадзаны æмæ минометы (50 проценты), 88,3 мин хæдтæхæджы (32 проценты).

Мæнæ уыдон та знаджы зиантæ: 5,5 милуан адæймаджы, йæ цæдисонтæ — 1,2 милуан адæймаджы. Фæлæ ам хынцын хъæуы, мах зианты фылдæр хай кæй хауы хæсты тæккæ райдайæнмæ.

Фæлæ нæ зиантæ ницы хуызы къаддæр кæнынц нæ уæлахизы аргъ. Уый нæ, фæлæ ма дзурæг сты советон адæмы хъæбатырдзинадыл. Уымæн ма æвдисæн сты ахæм нымæцтæ дæр: фронтты æхсар æмæ хъæбатырдзинады тыххæй 7 милуан советон хæстонæй, партизан æмæ сусæгкуыстæнæгæй фылдæр райстой ордентæ æмæ майдантæ, 11600 адæймагæй фылдæр систы Советон Цæдисы Хъæбатыртæ.

— Петр Георгийы фырт, ды дæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг йæ фыццаг бонæй йæ фæстаг боны онг. Цы дæ зæрæын фæндыд ацы бонты дæ фронтон кæнгæфсымæртæн, партизантæн-сусæгкуыстæнджытæн, фæллойадон фронты уæлахизæн чи куыста, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

— Фыццаджыдæр сын мæ зæрдæ зæрæы æнæниздзинад. Стæй уадз æмæ се 'ппæт дæр зоной, нвгъуыд хæсты сæ хъæбатыр архайдæн кæй нæ уыд æмбал, кæй нæ бамынæг уыдæн мыггагмæ, æдзухдæр æй мысдаысты фидæны фæлтæртæ се 'ппæт хъуыддæгты æмæ хъуыдыты. Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ хæлæрттæ!

(СЦТА).

УÆЛАХИЗЫ 45 АЗЫ БОНМÆ

ДОН ÆЙ НÆ ЛАСТА, АРТЫ НÆ СЫГЪДИ

ФЫЦЦАГ АТАХТ

Цæлыкк абон йæ уагыл нæу: бустæ кæны, тарæрфыгæй кæсы. Æмæ уыл йæ бинонтæ ахуыр сты. Ахæм райсомтæ йыл арæх скæны, æмæ уæд æнæхъæн «бон нæтдзæн æмæ «дæрæн» кæндзæн йæ бинонты.

— Гъæ, куыдзы хъыбыл, йæ! Дæ фыд кæм нс, уыцы мæрдтæм батагъд кæнай! Цафоны фынæй у, цафоны?! — фыды æфсымæры фидар къух, фынæй лæппуйыл цы хæррæгъ æппæрст уыд, уый ассывта. — Сыст уæлæмæ, хуыцауæн æнад чи у, уый! Быдырмæ цæуын афон у.

Къоста фестад, йæ фæрстæ нæуыл схаудысты, уыцы хъæбæр хуыссæнæй, цыма йыл Цæлыкк ехсæй æрцыд. Хуыссæгхъæлдзæгæй кæсы нарæг рудзынгмæ, зына-нæзына чи фæкопрадзхуыз ис, уыцы боны рухсмæ.

— Æз скъоламæ цæуын..— тæрсгæ-ризгæйæ загъта гыццыл лæппу.

— Кæдæм?! — Цæлыкк лæппуйы фæзмгæйæ, йæ къухтæ цармæ сдардта. — Æрфæндыд æй ахуыр кæныны, авд дæлдзæхы дæ сæр фæуа! Æз дæм ныртæккæ ахуыргæнæг æрбакæндзынæн уæдæ.

— Æмæ лæг, къулыл ехс ауыгъд кæм уыд, уыцырдæм фæзылд. Цалынмæ уый ехс иста, уæдмæ лæппу кæрты балæвнуыд, йæ мад æмæ йæ фыды æфсымæры ус бæхуæрдоны хæринаг кæм æфснайдтой, уым.

Нæ, Цæлыкк абон йæ чемыл æцæг нæу. Биноитæ сæхи сцæттæ кодтой, уæрдоны бабадтысты æмæ араст сты. Алагирæй чысыл æддæдæр куы рауадысты, уæд уæрдоны рæтæнагъдыл ну гыццыл лæппу абадт, æмæ та Цæлыккæн уæддæр йæ зæрдæ фырмæстæй аскъуыд.

— У-у, рухс Уастырджи!— зæгъгæ, ныхъхъæр ласта. — Ахæм сæрхъæнтæн-ну сæ сæртæ цæуылнæ фæхуынчъытæ кæныс?!

Уыцы ныхасмæ йæ фарсмæ йæ бинойнаг афтæ бакодта:

— Æмæ уæд дæуæй стырдæр хуынкъ никæйы сæр фæкæнынд.

Лæг уыцы ныхæстæй фæсонт æмæ нунæг ныхас дæр йæ дзыхæй нал хаудта. Ие 'фсинæн цы загътаид, уый нал зыдта.

Быдыры нартхоры хуымы раз йæ бæх æрурæдта, уæд фæкъардт. Æрæджиау æм бахъардтой йæ бинойнаджы ныхæстæ.

стæ йæхх уайтагъд куыд ахуыр вæййы, афтæ тагъд адзæбæх вæййынц æвзонг адæймаджы цæфтæ дæр. Фæрæвдз Къоста дæр.

— Акса-ма, цы уæздан ссн., Урсцъар. — Хæдзары къæсæрыл лæугæйæ загъта Цæлыкк, Къоста рынчындонæй куы æрбацыд, уæд. — Ехх, искуы мæн дæр афтæ ахуыссынмæ куы равдæлид.. Абон уал хæдзары абад, стæй райсом хос ласынмæ цæудзыстæм...

— Æз скъоламæ цæуын, — йæхи ныттар кодта Къоста...

— Цавæр скъола?! — йæ хъæлæсы йæ ахаста Цæлыкк.

Къоста, æнæ нсты сдзургæйæ, дуарырдæм арасг, фæлæ йæ фыды æфсымæр фæуырæдта. Йæ къухæй йын йæ хызын ратыдта æмæ йæ нуфарс фехста.

— Ацы хæдзары хицау æз дæн! — карзæй ма загъта Цæлыкк æмæ фелдæдуар.

АРВМÆ ФÆНДАГ!

Уымæй уæлдай Къостайы къухы скъоламæ бацæуын нал бафтыд. Хуымгæнæг, хорæфснайæг, хъæддзау. Æхсæрдæсаздзыдæй, фæскомцæдисмæ куы бацыд, уæд та йæ къухмæ хæцæнгарз райста, бацыд, ног цард сарæзыны ныхмæ чи лæууыд, уыдоннмæ тохы.

Иу бон куы уыд, уæд коммунист Хъантеты Бекайы фырт Къостамæ фæсидтысты партийы Цæгат Кавказы крайкоммæ. Уый уыд 1933 азы, нюлы,.

— Луганскмæ цæуыс? — бафарстой йæ крайкомы. Уым тæхджытыл скъола ис, — загъта йын кадрты хайады сæргълæууæг. — Ахъуыды кæн, æмæ дæ кæд фæнды, кæннод ма нæм дæуæй уæлдай кæй арвитæм, ахæм ис.

Къостайы худæндзаст цæстытæ фенкъард сты.

— Цæуын кæд хъæуы? — афарста ма лæппу.

* * *

Хæдтæхджыты стæхæн фæзуат. Йæ кæрæттæ рæсугъд арæзт. Æппæт фæзы алыварс дæр кæрдæджы астæуæй сæ сæртæ хæрдмæ дарынц урс дидинджытæ. Лæууы хæдтæхæг Р-1. Йæ алыварс цыдæртæ архайынц курсанттæ. Кæсынц ын йæ хæйттæм, агурынц ын йæ хъуагдзинæдтæ.

Хъантейы-фыртмæ чидæр йæ мыггагæй сдзырдта.

— Æз!—хæдтæхæджы сæрæй æргæпп кодта. Командир æй хæдтæхæджы хæйттæй афæрстыта кодта, стæй йын бар радта атæхынæн: —Æрлыккæр донæйы онг атæхх... стæ æххæст уайтагъд куыд ахуыр вæййы, афтæ тагъд адзæбæх вæййынц æвзонг адæймаджы цæфтæ дæр. Фæрæвдз Къоста дæр.

— Акса-ма, цы уæздан сси., Урсцъар. — Хæдзары къæсæрыл лæугæйæ загъта Цæлыкк, Къоста рынчындонæй куы æрбацыд, уæд. — Ехх, искуы мæн дæр афтæ ахуыссынмæ куы равдæлид.. Абон уал хæдзары абад, стæй райсом хос ласынмæ цæудзыстæм...

— Æз скъоламæ цæуын, — йæхи ныттар кодта Къоста...

— Цавæр скъола?! — йæ хъæлæсы йæ ахаста Цæлыкк.

Къоста, æнæ нсты сдзургæйæ, дуарырдæм арасг, фæлæ йæ фыды æфсымæр фæуырæдта. Йæ къухæй йын йæ хызын ратыдта æмæ йæ нуфарс фехста.

— Ацы хæдзары хицау æз дæн! — карзæй ма загъта Цæлыкк æмæ фелдæдуар.

аргъгонд нæ цыд хъахъхъæнынадæн, знагæн йæ гæнæнтæ æвдыст цыдысты къаддæрæй, Сырх Æфсады гæнæнтæ та æгæр бирæйæ. Хæстон-политикон уавæрæн аргъ кæнгæйæ, нымадæуыд, дæс егъау тохы, хæсты фæстаг аз уыдысты æхсæз стратегион операцийы, уыдонимæ ахæм ахсджиагдæртæ, куыд Скæсæн Прусснаг, Вислæ-Одераг, Венæйаг, Берлинаг æмæ Прагæйаг, уыдон

сты нумæйаг стратегийы пълан—араезынады æмæ хæстон архайд кæрæдзийуыл бæттыны бындуртæ. Комкоммæ зæгъын хъæуы, американкаг, францаг æмæ англисаг

Бирæ рæстæджы дæргъы не 'цæг зианты бæрц сусæг чындæуыд. Мæ зæрдыл ма лæууы, 1946 азы Сталин кæй кодта зианты 7 милуан адæймаджы кой. Иуцасдæры фæ-

сты фидæны фæлтæртæ се 'ппæт хъуыддæгты æмæ хъуыдыты. Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ хæлæртæ!

(СЦТА).

БÆРÆГБОН ПАРЧЫ

Тынг рæсугъд уыд уыцы бон. 5 майы. Хетæгкаты Къостайы номыл фæлтæ-

дзæн парк. Бирæ адæмы æрхуыдта йæхимæ. Сæ алкæмæн дæр уыд аирхæфсынæн фадат. Æмбисбонмæ хæстæг æнæхъæн паркыл айзæлыд микрофонæй ныхас:

— Нæ зынаргъ фæлладуадзæг адæм! Абон у Советон мыхуыры бон. Раздæр куыд хъусын кодтам, афтæмæй журналисттæ сæ бæрæгбоны æмбырд рахастой паркмæ, кæцы райдайдзæн эстрадон фæзы 13 сахатыл.

Алы кары адæм сæ ных сарæзтой микрофонæй дзуræджы 'рдæм. Парчы егъау эстрадон фæзы дæргъæйдæргъмæ бандæттæ дзагæйдзагдæр кæнынц. Бæрæгбоны амонæг Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуынынады писмоты редакцийы редактор Харебаты Галинæ фехъусын кодта:

— Абон сымах, ам уæвæг дзыллæтæ, æмбæлут газеттæ «Социалистическая Осетия»-йы, «Рæстдзинад»-ы, «Молодой коммунист»-ы редакциты коллективтимæ, Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуынынад æмæ радиойы паддзахадон комитеты, раугъдæдты, полиграфийы æмæ чингуыты базарады паддзахадон комитеты, республикæйы бастдзинады куыстадон-техникон управленийы кусджытимæ, Нæ бæрæгбоны сæйраг уыдзæн дискуссион клубы хуызы йæ арвитын...

Ацы бæрæгбоны уыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Таболты С. П., Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæг Къарджиаты Э. К., Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты ректор Мæхæмæтты А. А., партийы Цæгат Ирыстоны обкомы мыхуыры секторы сæргълæууæг Вышлова О. А.

Бæрæгбоны æмбырды фыццаг раныхасгæнæг СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Таболты С. П. загъта:

— Мыхуыры бон сæрдиаг арфæ кæнын журналисттæн. Ныртæккæйы, рацарæзты рæстæг, мыхуыры кусджыты раз лæууы ахсджиаг хæстæ. Мыхуыр хъуамæ йæ куыст тынг æндæр хуызон кæна, догматикон зондахасты фæзындтытыл, джиппытæ æмæ æнæуддзинадыл къух хъæддыхæй исгæйæ. Газеткæсджытæ мыхуырмæ æнхъæлмæ кæсынц раст ныхасмæ, рацарæзты арф, хъуыддаг зонгæйæ раиртæстмæ куыд, къухы чи бафтыд, уыцы фенкъуыстытæн, афтæ, æхсæнады социалон хъæддыхдзинад чи æвзæрын кæны, уыцы социалон-экономикон зындзинæдты, къуыхцыты, æвзæр фæзындтытæн бæлвырд æмæ раст аргъ скæнынмæ. Абон журналисттæн нс фадат цардыл æппæт фарстатæ дæр арфдæр, ирддæрæй æвдисыны. Æмæ уыцы бæрнон хъуыддаджы уæ къухы стыр

Таболы-фырт бакаст Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Указ журналисттыкъордæн «Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæджы» нæмттæ раттыны тыххæй.

— Мыхуыры бон зæрдиаг арфæ кæнын журналисттæн, — загъта Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуынынад æмæ радиойы паддзахадон комитеты сæрдар, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Журналисттыкъордæн сæрдар Фидараты Б. Дз. — Партистыр æууæнк æвдисы журналисттæм. Уыцы æууæнкæн дзуапп дæттæйæ, газетты редакциты, радиойы æмæ телеуынынады кусджытæ æвдисынц ахъаздаджы æхсæнадон разæнгардзинад æмæ бæрнондзинад, тырнынц сæ архайд æнæхъæнæй дæр цæмæй æххуысгæнæг уа рацарæзтæн. Не 'сфæлдыстадон куыстæн йæ сæйрагдæр хæс у хъæддыхæй æмæ арæхстджынæй пропагандæ кæнын не 'нтыстдзинæдтæ, раззагдæрты фæлтæрддзинад, хуыздæрты фæзминаг хъуыддæгтæ.

Фидары-фырт ССР Цæдисы Журналисттыкъордæн цæдисы уæнджы æвдисæндартæ радта æрыгон журналисттæн, ССР Цæдисы журналисттыкъордæн Кады грамотæ — завод «Электроцинчы» бирæтиражон газет «Рабочий электроцинка» редактор Виталий Лукьяненкойæн.

— Мыхуыры бæрæгбоны фæдыл арфæ кæнын æрмæст амы уæвджытæн нæ, фæлæ нæ газеткæсджытæн, радиомæ хъусджытæн, телевизормæ кæсджытæн, — загъта газет «Рæстдзинад»-ы редактор Хъесаты В. А. — Газеттæм фыссынмæ æппæт адæмæн дæр бар нс. Фыссут нæм. Æхсызгон у уыл, æмæ уæхи ирон газетæн стырдæр арæх кæнын кæй райдыдтат. Йæ кæсджытæй ам бирæтæ бады. Фæлæ йæ чи нæма исы, уыдон хъуамæ рафыссой сæ мадæлон æвзагыл мыхуыргонд газет.

Хъесайы-фырт «Рæстдзинад»-ы 1989 азы лауреаттæн радта дипломтæ.

Ныр та ныхасы, бафæрсыны бар газеткæсджытæн, радиомæ хъусджытæн, телевизормæ кæсджытæн. Сæрибар микрофоны цур балæууыд:

Семен БУДИЛОВСКИЙ:

— Æз горæты цæрджыты æмæ медицинон кусджыты минæвар, зæрдиаг арфæ кæнын мыхуыры кусджытæн. Фæндид мæ, нæ газеты фæрстыл экологон фарстатæ арæхдæр кæсын. Нæ нарк у горæтæгтæн сæ уарзондæр бынат. Йæ директор Карсаны-фырт чысыл нæ кусы йæ рæсугъддзинадыл. Фæлæ парк у хуыздæрхъуаг. Зоопарк æндæр ранмæ аивын хъæуы.

БЕРОЗТЫ Александр:

— Фæсивæдæй бирæтæ кусгæ нæ кæнынц. Фатертæ къахынц, марынц. Газетты кусджыты хъæуы ахæм дзæгъæлдзу фæсивæдмæ æргом тынгдæр аздахын, саразын мадзæлттæ, цæмæй æнæ кусгæйæ иу æрыгон лæппу дæр ма уа.

ХУЫБЕЦТЫ Рая:

— Бирæ дзурæм нæ фæсивæды тыххæй. Уыл у нæ фидæн. Фæнды мæ, цæмæй уыдонæн арæзт цæуой фылдæр æмæ мидисджындæр телевизион равдыстытæ, фæсивæд дзы сæхæдæг дæр куыд архайой, афтæмæй. Мах, хистæрты, хъæуы зæрдæхæлардæр уæвын нæ кæстæртимæ, хъуамæ сын цæстуарзонæй æххуыс кæнæм зынцæуæн фæндæгтыл.

КАРСАНТЫ Хъасболат:

— Рацарæзты рæстæг журналисттæм дæр бирæ хъуыддæгтæ æнхъæлмæ кæсы. Хъæуы фылдæр æмæ хæрзхъæддæр уацхъуыдтæ раззагдæртыл. Махæн дæр нæ парчы ис рацаразинаг хъуыддæгтæ. Архайæм сæ ахуарс кæныныл. Зоопарчы цы тæфгæнаг сæгътæ уыд, уыдоны нымæц фæкъаддæр кодтам. Стыр бæллæхтæ цæуы нæ мæргътыл. Æвзæргæнджытæ сын сæ хъуыртæ ныздухынц æмæ сæ марынц. Адæмы 'рдыгæй æнæ фиппайгæ сты уыцы æгæнонтæ. Нæ цуры ис милицæ дæр, фæлæ сын сæ куыстæй разы не стæм.

Газетты, телеуынынад æмæ радиойы хъæппæрисджындæр куысты тыххæй ма сæ фиппаинæгтæ, фæндæттæ загътой Г. Ф. Федосеева, — культурæйы советы фонды Цæгат Ирыстоны хайады сæрдар, ЦИПУ-йы студент Хуыбаты Зауыр, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Беккуызарты Руслан, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты декан Цæллагты Владимир, хъæуæн уацхæссæг Калоты Петр.

Бæрæгбоны уæвджыты фарстытæн дзуаппытæ радтой газет «Социалистическая Осетия»-йы редакторы хæдивæг Булацаты Зинæ, Цæгат Ирыстоны АССР-ы телеуынынад æмæ радиойы паддзахадон комитеты сæрдар Фидараты Булат, республикæйы бастдзинады куыстадон-техникон управленийы сæйраг инженер Александр Шипулин.

Хъæлдзæг бæрæгбон æнæ зард æмæ кафтæй нæ фидауы. Раныхæсты фарстыты фæстæ æмбырды уæвджытæ бакастысты концертмæ.

ТЕПСЫХЪОТЫ Зоя.

П. И. ЧАЙКОВСКИЙЫ РАЙГУЫРДЫЛ

СÆХХÆСТ 150 АЗЫ

ГЕНИОН КОМПОЗИТОР

УДМУРТИЙЫ АССР. Йæ сывæллоны аэтæй аст арвыста Уралы чысыл горæт Воткинскы П. И. Чайковский. Уым райгуырд 1840 азы 7 майы Камæйы-Воткинскы хæххон окруджы хицауы бинонты æхсæн. Воткинскаг зæххыл райгуырдысты йæ фыццаг музыкалон æнкъарæнтæ. Композиторы мад Александрæ Андрейы чызг зарыдн хорз. Иæ фыд Илья Петры фырт цагъта флейтæйыл. Иæ сабибонтæй фæстæмæ Петры фырт хъуыста адæмон зарджытæм. Æмæ йын ацы хорз хъуыддаг тынг фæахъаз йæ дарддæры сфæлдыстадон куысты. Уырыссаг адæмон музыкæ йын арф фæд нывуагъта йæ диссаджы хорз уацмысты.

Æнусы æмбисы дæргъы Воткинскы кусы П. И. Чайковскийы музей. Ныртæккæ арæзт цæуы ног хуызы. Зæронд чертежтæм гæсгæ цалцæггонд æрцыд хæдзар. Иæ алыварс ма сарæзтой цалдæр хæдзары.

КЪАМЫ: П. И. ЧАЙКОВСКИЙ æмæ йæ хæрæфырт В. Л. ДАВЫДОВ. (Кам ист у Воткинскы экспозицийæ).

СЦТА-йы фотохроникæ.

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

УСФСР-йы Сæйраг Советы Президиумы Указмæ гæсгæ зæрдиаг æхсæнадон архайды тыххæй УСФСР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ лæвæрд æрцыд хæсты æмæ фæллойы ветеранты Цæгат Ирыстоны республикон советы сæрдар Хъæлыцты Солтан Джетæгъæзы фыртæн.

аргъ кæнгæйæ, нымадæуыд, дæс егъау тохы, хæсты фæстаг аз уыдысты æхсæз стратегион операцийы, уыдонимæ ахæм ахсджиагдæртæ, куыд Скæсæн Прусснаг, Вислæ-Одераг, Венæйаг, Берлинаг æмæ Прагæйаг, уыдон

сты нумæйаг стратегийы пълан—араезынады æмæ хæстон архайд кæрæдзийуыл бæттыны бындуртæ. Комкоммæ зæгъын хъæуы, американкаг, францаг æмæ англисаг

Бирæ рæстæджы дæргъы не 'цæг зианты бæрц сусæг чындæуыд. Мæ зæрдыл ма лæууы, 1946 азы Сталин кæй кодта зианты 7 милуан адæймаджы кой. Иуцасдæры фæ-

сты фидæны фæлтæртæ се 'ппæт хъуыддæгты æмæ хъуыдыты. Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ хæлæртæ!

(СЦТА).

— У-у, рухс Уастырджи!— зæгъгæ, ныхъхъæр ласта. — Ахæм сæрхъæнтæн-ну сæ сæртæ цæуылнæ фæхуынчъытæ нæпыс?!

Уыцы ныхасмæ йæ фарсмæ йæ бинойнаг афтæ бакодта:

— Æмæ уæд дæуæй стырдæр хуынкъ нимæйы сæр фæкæнид.

Лæг уыцы ныхæстæй фæсонт æмæ нунæг ныхас дæр йæ дзыхæй нал хаудта. Ие 'фснæн цы загътаид, уыл нал зыдта.

Быдыры нартхоры хуымы раз йæ бæх æрурæдта, уæд фæкъæртт. Æрæджиау æм бахъардтой йæ бинойнаджы ныхæстæ.

— Калм мæ роны бахъарм кодтон,— мæстджынæй загъта лæг, æмæ усыл бозийæ ралæууыд. Къостайæн зын уыд ахæм æбуалгъ мимæ кæсын æмæ тымбыл къухтимæ, хъæргæнгæ, йæ фыды æфсымæрмæ багæпп ласта:

— Цæмæн æй цæвыс, цы дын кодта?!

Цæлыкк фырдисæй ныдз дзагъыр.

— О, стыр хуыцау! — Цыма бозитæй нскæмæ æртхынæн кодта, уыйау сæ бæрзонд систа æмæ йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд. — Ныр æз ацы бирæгъы лæппыны куы ныххурх кæнон, уæд мæн аххос уыдзæн?! — Æмæ та йæм фæлæбурдта, зæгъгæ, афтæ лæппу нуварс асæррæт ласта, æмæ йæ ацу баййаф. Уыцы-ну тахтæй æнæнфтыгъд бæхы рагъмæ сгæпп кодта, йæ бæгъæввад къæхтæй йын йæ фæрстæ фæцагайдта æмæ уæртæ фæтæхы.

Кæсы, æмæ дын пыллæджыты, цыма нартхорæй стахт, афтæ фæзынд цыппарбазырон цъæу. Нæ хъæр хъустæ къуырма кодта, афтæмæй фæцæйтахт гыццыл барæджы сæрты. «Ерепълан», — ахъуыды кодта Къоста, джихæй аззад — афтæ нылæджыты тæхгæ йæ нæкуыма федта. Дзæгъæлгастыл куыд фæцис, афтæ бæх лæппуйы йæхицæй фехста, æмæ Къоста суадоны раз цыргъ дуртæм йæхи æрхаста.

...Рынчындон. Иу сыбырт дæр дзы нæкæцæй хъуысыд: Урс къултæ, хуыссæнтыл урс æмбæрзæнтæ тыд, дохтырыл дæр урс халат. Дохтыр Тлаттаты Агуыбейæн йæ ном хъуыстгонд уыд: уæздан, фыддæсны йæ куыстмæ.

— Цæй, дæ хъуыддæгтæ куыд сты, тæхæг? — лæппуйы сæры бæстытæм кæсгæйæ, афарста Агуыбе.

Къоста бахудт: «Ницыуал мын у»...

— Хуыцау хорз, æмæ дын дæ къæмисæныл нæ нылæууыд, — дзырдта дохтыр, — æндæр...

— Мæ дæндаг мын ранпæрста, — рахъаст кодта гыццыл лæппу.

— Ницы кæны. Куы сдыджыр уай, уæд сыгъæрин дæндаг сæвæрын кæндзынæ Цы суæвын дæ фæнды, уыл ма мын зæгъ?

— Тæхæг.

— Хæдтæхæг скъæрæг... Уый æвзæр нæу. Уæдæ уал фыццаг тахт акодтай, и?

Сæрдыгон къæвдайы фæ-

загъта йын кадрты хайады сæргълæууыст. — Ахъуыды кæн, æмæ дæ кæд фæнды, кæнинод ма нæм дæуæй уæлдай кæй арвитæм, ахæм нс.

Къостайы худæндаст цæстытæ фенкъард сты.

— Цæуын кæд хъæуы? — афарста ма лæппу.

* * *

Хæдтæхджыты стæхæн фæзуат. Иæ кæрæттæ рæсугъд арæзт. Æппæт фæзы алыварс дæр кæрдæджы æстæуæй сæ сæртæ хæрдмæ дарыдта уре дидинджытæ. Лæууы хæдтæхæг Р-1. Иæ алыварс цыдæртæ архайынц курсанттæ. Кæсынц ын йæ хæйттæм, агурынц ын йæ хъуагдзинæдтæ.

Хъантейы-фыртмæ чидæр йæ мыггагæй сдзырдта.

— Æз!—хæдтæхджы сæрæй æргæпп кодта. Командир æй хæдтæхæджы хæйттæй афæрстытæ кодта, стæй йын бар радта атæхынæн: —Æртыккаг зонæйы онг атæх... Æмæ фæстæмæ раздæхдзынæ:

— Хъусын!

Командир Кабанов хорз зыдта, Р-1 йæ тæхæгæн, исты дзы куы ферох уа, уæд хæрз гыццыл рæдыд дæр кæй нæ ныббардзæн, уыл. Æмæ тарст, исты фыдбылыз куы сараза лæппу, уымæй. Фæлæ уалынмæ тæхæг схæпцæ, бардзырд ын цы бæрзондмæ уыд, уый онг. Ахызт, Кабанов ын кæмæй тарст, уыцы хаххæй, стæй йæ ных æрбадæн фæзмæ сарæзта. Æрбадын кодта хæдтæхæг.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст Къостайы æрæййæфта рынчындоны. Мæйы размæ ахуырты зсман парашютмæ рагæпп кодта æмæ йæхи ныццавта.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст кæй райдыдта, уый дæр ам фехъуыста:

— Æмбал капитан! Хæст райдыдта! — æрбазгъордта медицинон хотæй ну, йæ цæсгом йæ халатæй фæлурсдæр, афтæмæй. — Ныртæккæ радноймæ дзырдтой.::

— Тагъд мын мæ дзаумæтæ рахæссут! — загъта рынчын, йæ хуыссæнуатæй фестгæйæ.

— Цытæ дзурыс? Æнæ хистæр дохтыры бардзырдæй?!

Тыххæй-фыдæй йын йæ дзауматæ райсын бантыст. Æмæ уыцы бон, 1941 азы 22 июны, йæ æфсæддон хаймæ ацыд. Кæрæдзи фæдыл атъанг сты карз хæстон бонтæ.

Эскадрилийы, стæй та полчъы бардзырддæттæг Советон Цæдисы Хъæбатыр инæлар-майор В. И. Бородачев йæ зæрдыл бадзырдта, Хъырымы 1942 аз майы мæй Къоста цы тыхджын хæстытæ бахаудта, уыцы хабæрттæ.

...«Фокке-вульф», «Чайкæтæй» цалдæр хатты стырдæр уыд. Уыдон сæхи ныккалдтой нæ хæстон хæдтæхджытыл. Тæхджыты сæргълæууæг капитан Хъэнтейыфырты хæдтæхæджы нæмгуытæ фæхуынчъытæ кодтой, фæлæ уæддæр йæ тох нæ уагъта, дæрæн кодта зныджы.

Немыцæттæ лæгæй-лæгмæ нæ цыдысты тохмæ, фæлæ ну сусæгæй, хæцаг куыдзау, фæзындаккой фæстæ ты. Хъантейы-фырт хорз зыдта, знагæн йæ уыцы минæвæрæ æмæ дзы йæхи хызта.

...Уартæ «Фокке-вульф»-ы тæхæг цыдæр хъуыдытыл фæцис æмæ йæм уыцы рæстæджы Хъантейы-фырт ба-

— Æмбал капитан! Хæст райдыдта! — æрбазгъордта медицинон хотæй ну, йæ цæсгом йæ халатæй фæлурсдæр, афтæмæй. — Ныртæккæ радноймæ дзырдтой.::

45 ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

ХЪОЦЫТЫ Къоста

Райгуырд 1913 азы Цхинвалы, службæгæнæг Хъоцыты Георгийы хæдзары. Къоста бакаст ФЗУ-йы скъолайы æмæ куыста слесырæй, стæй физкультурæйы инструкторæй. Хæстон-Денджызон Флоты уыдис 1933 азæй фæстæмæ. 1937 азы каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл Хæстон-Денджызон училище. Службæ кодта Сау Денджызы флоты, торпедон катерыл.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ уыдис йæ тæккæ гуылфæны, дæрæн кодта фашисты наутæ. Торпедон катерты къорды командир капитан-лейтенант Хъоцыты Къоста архайдта Одессæ, Севастополь, Новороссийск бахъахъхъæныныл хæстыты. Хъырым суæгъд кæныныл тохты. 1944 азы 15 маймæ Хъоцыйы-фырты къорды катертæ знаджы дæрæн кæнынмæ рацыдысты 250 хатты, ныппырх кодтой доныбыны цæуæг лодкæ, 4 транспортеры, 13 хæдзæвгæ баржæйы, торпедон катер, хæдтæхæг, знаджы дæтты раппæрстой 78 минæйы. Хъырымы былтæрæттæм баластой 250 æфсæддоны. 1944 азы 16 майы йæ стыр лæгдзинады, йæ фидар ныфсы, йæ хæстон арæхстдзинады тыххæй Хъоцыты Къоста ссис Советон Цæдисы Хъæбатыр.

1945 азæй фæстæмæ 3-æм ранджы капитан, рынчын уæвгæйæ, цард Цхинвалы. Хорзæхджыгонд æрцыд Ленины, Сырх тырысайы дыууæ орденæй, майдантæй.

Амард уæззау низæй фæсайны фæстæ, 1945 азы 8 октябры. Бавæрдтой йæ Цхинвалы. Ам йæ номыл ис уыиг.

САБАНТЫ Григорий

Сабанты Луарсабы фырт Григорий райгуырд 1910 азы 24 апрелы Хуссар Ирыстоны Къедигоры хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Бакаст райдайæн скъола æмæ куыста колхозы. 1928—1930 азты службæ кодта Сырх Æфсады. СЦКП йы рæнхъытæм бацыд 1940 азы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны йæм фæсидтысты Советон Æфсадмæ. 1941 азы ноябрæй фæстæмæ архайдта немыцаг-фашистон лæбурдыты ныхмæ хæстыты. Уыдис Курскы къæлæты æмæ Днепрыл тохты. Развæдсгарæг уæвгæйæ, æвдыста лæгдзинад æмæ арæхстдзинад. Æрбакодта цалдæр «æвзаджы», амардта къорд фашисты.

1943 азы 26 сентябры æхсæвы Днепропетровскы облæсты Сошиновкæйы хъæуы цур сержант Сæбанты Григорий развæдсгарджыты къордимæ бахызт Днепры сæрты. Уым æрфидар сты æмæ тохы бацыдысты гитлеронтимæ. Григорий йæхæдæг амардта 11 фашисты. 26 сентябры Сæбаны-фырты къорд ныхкъуырд радта знаджы цалдæр тыхджын ныббырстæн æмæ ныццагъта 200 фашисты, бахъахъхъæдтой сæ бынат, бæлвырд бæрæггæнæнтæ æрбалæвæрдтой гитлероны тыххæй. Хъæбатырдзинад, фидар ныфс кæй равдыста, уый тыххæй Сæбанты Григорийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты Григорий дарддæр цыдис йæ хæстон фæндæгтыл. 1945 азы. Уæлахизы фæстæ, рацыд æфсадæй. Йæ райгуырæн хъæуы куыста колхозы сæрдарæй. 1962 азæй фæстæмæ цардис г. Цхинвалы. Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй ба3ста Ленины, Сырх Стъалыйы ордентæ, бирæ майдантæ.

Амард 1968 азы 2 апрелы. Йæ номыл Цхинвалы ис уыиг.

Аркадий СЕЛЮТИН

Аркадий Михаилы фырт Селютин райгуырд 1922 азы 13 мартъиы Краснодары крайы. Отраднаяйы хъæуы. Сывæллонæй æрбафтыд Цæгат Ирыстонмæ. Цардис æмæ ахуыр кодта Михайловскы хъæуы. Каст фæци 10 къласы æмæ Орджоникидзейы аэроклуб, 1941 азы йæ арвыстой Ейскы Хæстон-денджызон авиацион училищемæ. Æнтыстджынæй йæ каст фæцис 1943 азы. Балтийы флоты авиацийы уæвгæйæ, архайдта Ленинградыл хæсты. Прибалтикæ суæгъд кæныныл тохты. 1944 азы сентябры онг хистæр лейтенант А. Селютин знаджы дæрæн кæнынмæ атахт 222 хатты, архайдта 25 уæлдæфон хæсты æмæ æрæппæрста 16 фашистон хæдтæхæджы, стыр ныфс æмæ лæгдзинад равдисгæйæ. Ссис йæ полчъы хуыздæр тæхджытæй ну. Лæвæрд ын æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уæлахизы боимæ хæстмæ атахт 344 хатты. 1945 азы бацыд партийы рæнхъытæм.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Хæстон-Уæлдæфон хæйтты. Фыццæгтимæ сахуыр кодта реактивон авиацион техникæ, ссис 1-æм къласы тæхæг. Каст фæцис хæстон-авиацион академи. Ссис инæлар-майор. 1980 азы рацыд Æфсадæй. Цардис г. Орджоникидзейы. Куыста адæмон хæдзарады. Разæнгардæй архайдта фæсивæды хæстон-патриотон хъомылады.

Ныртæккæ цæры г. Киевы. Ис æм бирæ хæрзиудзытæ: Ленины, Сырх Тырысайы цыппар, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæ, бирæ майдантæ.

ЦХУЫРБАТЫ Иван

Райгуырд 1913 азы Хуссар Ирыстоны Тъигвайы хъæуы цæрæг, зæхкусæг Цхуырбаты Дауыты хæдзары. Бакаст 7 къласы. Нымайæгæй куыста колхозы, стæй хæстон хъуыддæджы ахуыргæнæгæй Знауыры астæуккаг скъолайы. 1936—1939 азты службæ кодта Сырх Æфсады.

1941 азы, хæст куы райдыдта, уæд та йæм ногæй фæсидтысты æфсадмæ. Каст фæцис цыбыр æмгъуыдмæйы курсытæ æмæ йæ фронтмæ арвыстой взводы командирæй. 1943 азы 26 нояб ры Иван йæ взводимæ фыццæгтимæ бахызт Днепры сæрты. Уый уыдис Запорожьейы облæсты Каневское йы хъæумæ хæстæг. Дыуæ боны æмæ дыууæ æхсæвы ныхкъуырд лæвæрдтой знаджы ныббырстытæн, хъахъхъæдтой сæ хæцæн бынат, фадæттæ арæзтой полчъы иннæ хæйттæн дæр, цæмæй æрбанрвæзой доны сæрты. Уыцы зæххы гæбазыл хæстыты Иван йæ æмбæлттимæ фидар ныхкъуырд радта фашисты 5 ныббырстæн, ныппырх кодтой 3 пулеметы, амардтой 30 гитлероны Цхуырбайы-фырт дзы йæхæдæг амардта 8 фашисты.

Фæлæ дарддæры хæстыты ирон адæмы хъæбатыр фырт фемард, стыр лæгдзинад равдисгæйæ.

1944 азы 22 февралы кæстæр лейтенант Цхуырбаты Иванæн Советон хицауы саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ ингæн ис Каневскоейы хъæуы.

Яков ШАПОШНИКОВ

Райгуырд Краснодары крайы Каноковойы хъæуы цæрæг, зæхкусæг Федор Шапошниковы хæдзары, 1905 азы 16 ноябры. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ цард æмæ куыста Цæгат Ирыстоны, Æрхонкæйы станицæйы. Каст фæци хъæуонхæдзарадон техникум, куыста фæндæгты хайады механикæй. 1941 азы сентябры йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Хæцæг æфсады уыдис 1942 азы январæй фæстæмæ. Хæцыд Калинины фронты.

1942 азы уыдис Кавказыл тохты, архайдта Ирыстоны зæххыл хæстыты. Æхсæг Шапошников фесгуыхт Джызæлы цур. 1942 азы 7 ноябры, знаджы танктимæ хæсты басыгъта 2 танчы. 8 ноябры æфсæдонты къордимæ бацахста фашисты æхсæн бынат, ныппырх кодта дыууæ пулеметы, амардта 10 гитлероны. 9 ноябры Джызæлыл тохты ранвта ротæйы цæф командиры æмæ æнтыстджынæй сæххæст кодта йæ размæ æвæрд хæс, ныццагъта 30 гитлероны. Уыцы сгуыхтдзинæдты æмæ йæ арæхстдзинады тыххæй Яков Шапошниковæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944 азы каст фæци Челябинскы артиллерион-техникон училище, æмæ та ногæй — хæстмæ. 1945 азы службæ кодта г. Орджоникидзейы бастдзинады хæстон училищейы автовзводы командирæй.

1945 азы октябры техник-лейтенант Яков Шапошников рацыд æфсадæй. Куыста МТС-ы механикæй, стæй рацыд пенсийы æмæ цард г. Минеральные Водыйы. Амард 1981 азы.

ФУТБОЛ

Валерийы æртæ пуртийы

«Спартак» —«Зенит»—5:2

Ирыстойнаг футболуарзджытæн зындгонд уыдис, 6 майы Орджоникидзейы «Спартачы» размæ зын хæс кæй лæууыд, уый. Футболæй СССР Цæдисы ацы азы чемпионаты фыццаг къорды командæты ерысты нæ лæппуты фембæлын хъуыдис тæккæ тыхджындæр æмæ фæлтæрдджындæр командæтæй ну — Ленинграды «Зенит»-имæ. «Зенит» фæлтæрдджын æмæ тыхджын командæ кæй у, уый сбæрæг бирæ бæрнон ерысты. Цалдæр азы æнтыстджынæй архайдта уæлдæр къорды футболон командæты ерысты. Йæ хъарутæн бæлвырд æвдисæнтæ дзæвгар нс. Фæлæ сæ ахсджиагдæр у, 1984 азы бæстæйы чемпионаты фыццаг бынат кæй бацахста æмæ чемпион кæй ссис, уый. Ленинградæртæ цалдæр хатты рацыдысты футболæй бæстæйы кубок рамбулыныл ерысты кæронбæттæн хъæзтытæм, архайдтой чемпионаты дунеон кубок рамбулыныл ерысты, стæй æндæр бæрнон дунеон хъæзтыты.

Фæлæ æндæрæбон спартаконтæ сарæхстысты, сæ размæ цы зын хæс лæууыдис, уый æнтыстджынæй сæххæст кæнынмæ, сæ хъаруджын ныхмæлæууæг Ленинграды «Зенит»-æй стыр хыгъдмæ рамбулынмæ. Кæд тыхджын къæвдайæ хъазæн фæз ныддондыцыр, уæддæр хъазт райдыдта спартаконты тагъд æмæ нысанмæтырнæг ныббырстытæй. Дыууæ минуты æххæст нæма рацыд хъазты рæстæгæй æмæ арвы нынæрдау райхъуыст мингай спортуарзджыты æхсызгон уынæр. Нæ командæйы размæбырсджытæй ну — Цхуырбаты Станислав баирвæзт уазджыты иварон фæзмæ, куыддæр пурти дуары 'рдæм ныццæвынмæ хъавыд, афтæ йæ «Зенит»-ы хъахъхъæнджытæ фæкæлын кодтой. Тæрхонгæнæг федта, уазджытæ хъазты æгъдау гуымиры хуызы кæй фехæлдтой, уый æмæ нæ лæппутæн радта иуæндæс метры дæрдзæгæй иварон цæф ныккæныны бар. Хорз сарæхст уыцы хæс сæххæст кæнынмæ Бадри Спандерашвили æмæ хыгъд байгом — 1:0.

Уыцы æнтысты фæстæ спартаконтæ райдыдтой ноджы уæндондæрæй æмæ арæхстджындæрæй архайын. Цалдæр хатты бавваxс сты хыгъд фæфылдæр кæнынмæ дæр. Бæрæг уыд, ног æнтыст кæй «рæгъæд» кæны, уый. Æмæ къухы æфтæ дæр бакодта. Хъазты фыццаг æмбисы кæронмæ ма нымад минуттæ куы баззад, уæд спартаконтæ, пурти кæрдзимæ арæхстджынæй дæтгæйæ, ногæй бахæццæ сты, «Зенит»-ы иварон фæзмæ. Бацайдагъ сын карз тох уазджытимæ. Æмæ та уыцы тохы дæр арæхстджындæр разындысты нæ лæппутæ. Цхуырбаты Станиславы тыхджын цæфæй пурти бамидæг уазджыты дуары — 2:0.

Уыцы хыгъдмæ ахицæн сты хъазты фыццаг 45 минуты. Улæфты фынддæс минуты фæстæ хъазт ноджы фæказдæр. Фæказдæр уымæн, æмæ ленинградаг футболисттæ, фæхæрдæй фæтæрсгæйæ, фæцырддæр кодтой сæ архайд æмæ нæ хъахъхъæнджыты рæдыдæй фæпайда кæнгæйæ, пурти сæмбæлын кодтой нæ дуарæс Юрий Перескоковы хызыл. Хыгъд ссис 2:1. Фæлæ уазджыты цин бирæ нæ ахаста. Ногæй та нæ лæппутæ, пурти кæрæдзимæ тагъд-тагъд дæтгæйæ, баввахс сты «Зенит»-ы иварон фæзмæ, фæстаг хатт пурти авæрдтой Валерий Корнеевмæ æмæ йæ уый уазджыты дуары хызыл сæмбæлын кодта — 3:1. Ныр уæлахиз цæттæ у, зæгъгæ, ахъуыды кодтой, æвæццæгæн, спартаконтæ æмæ сæ хъазт цасдæр фæлæмæгъдæр. Уазджытæ, цыма уымæ æнхъæлмæ кастысты, афтæ æмхуызонæй абырстой размæ. Райдыдтой суанг хъазты æгъдæуттæ халын дæр. Фæлæ сын фынддæс минуты фæстæ бантыст пурти нысаныл сæмбæлын кæнын.

Хыгъд 3:2 куы ссис «Спартачы» пайдайæн, уæд нæ лæппутæ банкъардтой, хъуыддаг хорз кæй нæу, уый, æмæ ногæй абырстой размæ. Хъазты кæронмæ ма фынддæс минуты бæрц куы баззад, уæд ногæй фесгуыхт нæ размæбырсæг Валерий Корнеев, йе 'мбæлттæ йæм уазджыты иварон фæзмæ цы пурти балæвæрдтой, уый æвæстиатæй баппæрста хызмæ — 4:2.

Фæлæ ууыл нæ ахицæн сты Корнеевы карз ныббырстытæ. Хъазты кæронмæ ма фондз минуты бæрц куы баззад, уæд та ногæй пуртиимæ баирвæзт уазджыты иварон фæзмæ. Фæлæ йын ацы хатт пурти къахæй ныццæвын нæ бауагътой уазджыты хъахъхъæнджытæ — фæкæлын æй кодтой. Æмæ иуæнддæс метры дæрддзæгæй уазджыты дуармæ иварон цæф кæнын бахъуыд Валерийæн йæхи. Нæ фæрæдыд ацы хатт дæр æмæ хыгъд ссис 5:2 «Спартачы» пайдайæн.

Уыцы бон фыццаг къорды иннæ командæтæ ахъазыдысты афтæ: «Пахтакор» — «Динамо» Ст. — 2:2, «Кайрат» — «Ростсельмаш» — 3:1, «Локомотив» М. — «Локомотив» Г. — 0:0, «Кузбасс» — «Факел» — 0:1, «Геолог» — «Нистру» — 3:1, «Шинник» — «Металлург» — 0:0, «Котайк» æмæ «Нефтчи» нæ хъазыдысты.

Командæты уавæр ныртæккæ

Командæтæ:	Ахъазыд:	Рамбыдта:	Æмдых:	Фæхæрд:	Пуртитæ:	Очкотæ:
1. «Металлург»	7	4	2	1	9—3	10
2. «Геолог»	6	4	1	1	9—7	9
3. «Динамо» Ст.	6	4	1	1	9—7	9
4. «Шинник»	6	3	3	0	6—1	9
5. «Кайрат»	7	3	2	2	9—8	8
6. «Спартак»	5	3	1	1	11—4	7
7. «Факел»	6	3	1	2	8—5	7
8. «Нефтчи»	6	2	3	1	12—4	7
9. «Локомотив» М.	5	2	3	0	7—3	7
10. «Пахтакор»	7	2	3	2	11—12	7
11. «Нистру»	7	1	4	2	9—12	6
12. «Динамо» Сх.	4	2	0	2	2—3	4
13. «Котайк»	4	1	2	1	4—2	4
14. «Зенит»	6	1	2	3	5—9	4
15. «Ростсельмаш»	6	1	2	3	7—11	4
16. «Локомотив» Г.	6	1	2	3	5—10	4
17. «Таврия»	5	0	4	1	1—2	4
18. «Кубань»	6	1	1	4	2—12	3
19. «Тирас»	5	0	3	2	3—9	3
20. «Кузбасс»	6	0	1	5	2—8	1

той донырыты цæуæг лодкæ, 4 транспортеры, 13 хæлдзæугæ баржæйы, торпедон катер, хæдтæхæг, знадчы дæтты раппæрстой 78 минæйы. Хъырымы былгæрæттæм баластой 250 æфсæдоны. 1944 азы 16 майы йæ стыр лæгдзинады, йæ фидар ныфсы, йæ хæстон арæхстдзинады тыххæй Хъоцыты Къоста ссис Советон Цæдисы Хъæбатыр.

1945 азæй фæстæмæ 3-æм ранджы капитан, рынчын уæвгæйæ, цард Цхинвалы. Хорзæхджынгонд æрцыд Ленины, Сырх гырысайы дыууæ орденæй, майдантæй.

Амард уæззау низæй фæсæйны фæстæ, 1945 азы 8 октябры. Бавæрдтой йæ Цхинвалы. Ам йæ номыл ис уынг.

26 сентябры Сæбаны-фырты къорд ныхкъуырд радта знаджы цалдæр тыхджын ныббырстæн æмæ ныццагъта 200 фашисты, бахъахъхъæдтой сæ бынат, бæлвырд бæрæггæнæнтæ æрбалæвæрдтой гитлероны тыххæй Хъæбатырдзинад, фидар ныфс кæй равдыста, уый тыххæй Сæбанты Григорийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты Григорий дарддæр цыдис йæ хæстон фæндæгтыл. 1945 азы. Уæлахизы фæстæ, рацыд æфсадæй. Йæ райгуырæн хъæуы куыста колхозы сæрдарæй. 1962 азæй фæстæмæ цардис г. Цхинвалы. Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй радта Ленины, Сырх Стъалыйы ордентæ, бирæ майдантæ.

Амард 1968 азы 2 апрелы. Йæ номыл Цхинвалы нс уынг.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Хæстон-Уæлдæфон хæйтты. Фыццæгтимæ сахуыр кодта реактивон авнацион техникæ, ссис 1-æм къласы тæхæг. Каст фæцис хæстон-авнацион академи. Ссис инæлар-майор. 1980 азы рацыд Æфсадæй. Цардис г. Орджоникидзейы. Куыста адæмон хæдзарады. Разæнгардæй архайдта фæсивæды хæстон-патриотон хъомылады.

Ныртæккæ цæры г. Киевы. Ис æм бирæ хæрзиуджытæ: Ленины, Сырх Тырысайы цыппар, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæ, бирæ майдантæ.

Æрбаирвæзой доны сæрты Уыцы зæххы гæбазыл хæстыты Иван йæ æмбæлттимæ фидар ныхкъуырд радта фашисты 5 ныббырстæн, ныппырх кодтой 3 пулеметы, амардтой 30 гитлероны Цхуырбайы-фырт дзы йæхæдæг амардта 8 фашисты.

Фæлæ дарддæры хæстыты ирон адæмы хъæбатыр фырт фæмард, стыр лæгдзинад равдисгæйæ.

1944 азы 22 февралы кæстæр лейтенант Цхуырбаты Иванæн Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ ингæн ис Каневскоейы хъæуы.

ныццагъта 30 гитлероны. Уыцы сгуыхтдзинæдты æмæ йæ арæхстдзинады тыххæй Яков Шапошниковæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944 азы каст фæци Челябинскы артиллерион-техникон училище, æмæ та ногæй — хæстмæ. 1945 азы служибæ кодта г. Орджоникидзейы бастдзинады хæстон училищейы автовзводы командирæй.

1945 азы октябры техник-лейтенант Яков Шапошников рацыд æфсадæй. Куыста МТС-ы механикæй, стæй рацыд пенсийы æмæ цард г. Минеральные Водыйы. Амард 1981 азы.

нислав банрвæзт уазджыты иварон фæзмæ, куыддæр пурти дуары 'рдæм ныццæвынмæ хъавыд, афтæ йæ «Зенит»-ы хъахъхъæнджытæ фæкæлын кодтой. Тæрхонгæнæг федта, уазджытæ хъазты æгъдау гуымиры хуызы кæй фехæлдтой, уый æмæ нæ læппутæн радта иуæнддæс метры дæрддзæгæй иварон цæф ныккæныны бар. Хорз сарæхст уыцы хæс сæххæст кæнынмæ Бадри Спандерашвили æмæ хыгъд байгом — 1:0.

Уыцы æнтысты фæстæ спартаконтæ райдыдтой ноджы уæндондæрæй æмæ арæхстджындæрæй архайын. Цалдæр хатты баввахс сты хыгъд фæфылдæр кæнынмæ дæр. Бæрæг уыд, ног æн-

Команднтæ:

	Ахъаз	Рамбыл	Æмдых	Фæхæрм	Пуртитæ	Очкотæ
1. «Металлург»	7	4	2	1	9—3	10
2. «Геолог»	6	4	1	1	9—7	9
3. «Динамо» Ст.	6	4	1	1	9—7	9
4. «Шинник»	6	3	3	0	6—1	9
5. «Кайрат»	7	3	2	2	9—8	8
6. «Спартак»	5	3	1	1	11—4	7
7. «Факел»	6	3	1	2	8—5	7
8. «Нефтчи»	6	2	3	1	12—4	7
9. «Локомотив» М.	5	2	3	0	7—3	7
10. «Пахтакор»	7	2	3	2	11—12	7
11. «Нистру»	7	1	4	2	9—12	6
12. «Динамо» Сх.	4	2	0	2	2—3	4
13. «Котайк»	4	1	2	1	4—2	4
14. «Зенит»	6	1	2	3	5—9	4
15. «Ростсельмаш»	6	1	2	3	7—11	4
16. «Локомотив» Г.	6	1	2	3	5—10	4
17. «Таврия»	5	0	4	1	1—2	4
18. «Кубань»	6	1	1	4	2—12	3
19. «Тирас»	5	0	3	2	3—9	3
20. «Кузбасс»	6	0	1	5	2—8	1

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

АХСДЖИАГ ЦАУТЫЛ

Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театр сценæйы сæвæрдта Айларты Асæхмæты дыууæархайдон трагикомеди «Кæдæм тæхæм?» Уацмысы сæйраг темæ у абоны царды уæззау уавæр, бæлвырдæй æмæ дзы ирдæй æвдыст цæуынц ныртæккæйы рæстæджы ахсджиаг цаутæ.

Спектаклы анв фæлгонцтæ сарæзтой ССР Цæдисы адæмон артист Саламты Къола (Зæронд лæг) УСФСР-йы К. Станиславскийы номыл паддзахадон премийы лауреат Мерденты Юрий (Сауджын), УСФСР-йы сгуыхт артист Бирæгъты Къоста (Дастсæр), Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Суанты Хъазыбег (Къухылхæцæг): артисттæ — Рæмонаты Ритæ (Чындз), Хъантеты Ритæ (Стюардессæ), Куындыхаты Николоз (Æнæдаст нæлгоймаг), Джноты Руслан (Салдат), Дзгойты Аллæ (Тыхтонджын сылгоймаг), Бытъæты Роберт (Фæндагон), Цæрæкты Олег (Læппу), Мелыкаты Замирæ (Сывæллонджын мад), Айларты Асæх (Ноздджын лæг) æмæ æндæртæ.

Спектаклы режиссер у Мерденты Марат, композитор Махъоты Ацæмæз, сценограф — Къубалты Аслан.

Æмткæй райсгæйæ, спектакль «Кæдæм тæхæм?» у ноæнтыст ирон театралон аивады.

БОЛАТЫ Р.

КЪАМЫ: сценæ спектаклæй.

КÆСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

ТЕЛЕУЫНЫНАД БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 8 МАЙ. ДЫЦЦÆГ

17.45 — Ирыстон абон. 18.05 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. «Дæ сæрæй акув фронты уæвæгæн». Концерт-тон программæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн. 18.50 — Мыхуыр æмæ рацарæзт. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ».

9 МАЙ. ÆРТЫЦЦÆГ

17.10 — Уæлахизы 45 азы бон «...Ис æмæ æнустæм уыдзæн 45-æм». 18.50 — Фашизмы ныхмæ тохы чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ мысынæн». Минут æнæ дзургæйæ лæууын. 19.10 — Ирыстон абон. Репортаж Уæлахизы бæрæгбоны тыххæй Цæгат Ирыстоны, 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — Концерт Уæлахизы 45 азы боны кадæн.

10 МАЙ. ЦЫППÆРÆМ

18.00 — Ирыстон абон. 18.20 — «Долг». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.05 — Боны фæткы интервью Студийы — Цæгат Ирыстоны геологон-сгарæг экспедицийы сæйраг геолог О. А. Гончаренко. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — Уæлахизы боны кадæн программæ дарддæр.

РАДИО БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 8 МАЙ. ДЫЦЦÆГ

15.15 — Р. М. Шафиков. «Мæ уалдзæг æрцыд». Æмдзæвгæтæ. Кæсы сæ автор. 15.35 — Æгъуызарты С., Икъоты Ю. «Æнусон азæлд». радиоспектакль. 16.24 — Хъæбатырты зарджыты концерт. 16.50 — Хъусынгæнинæгтæ.

9. МАЙ ÆРТЫЦЦÆГ

13.00 — «Абон — Уæлахизы бæрæгбон». Радиопрограммæ. 15.15 — «Сымахæн, ветерантæ». Концерт.

10 МАЙ. ЦЫППÆРÆМ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — XXXIII облæстон партион конференцийы агъоммæ. «Дзурынц делегат тæ». 18.25 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Паддзахадон телерадиойы адæмон инструментты концерт. Дирижер — Республикæйы адæмон артист Гæздæнты Б. 18.50 — Хъусынгæнинæгтæ, рекламæ.

АДÆМÆН ЗОНИНАГ

1990 азы 9-æм Майы боны дыууæ сахатыл байгом уыдзæн, Ставд-Дурты фæсивæдæй хæсты чи фæмард, уыдонæн цыртдзæвæн. Уый фæдыл хъæуы цæрджытæ хоныц, кæй фæнды, уыдоны. Горæт Орджоникидзейæ Ставд-Дуртæм автобус араст уыдзæн боны 12 сахатыл Октябры 50 азы номыл фæзæй.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТРЫ

9-æм МАЙЫ
«Мады намыс»
10-æм МАЙЫ
«Хазби»
11-æм МАЙЫ
«Цолзйы чындзæхсæв».
12-æм МАЙЫ
«Пæсæйы фæндон»
13-æм МАЙЫ
«Зæлнйы чындзытæ».

ГАЗЕТ Социалистическая ОСЕТИЯ МЫХУЫР КÆНЫ

Мыхуыргонд æрцыд æрмæг «Бæрæгбоны хорзæх, «Правдæ»!

Номыры — СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, республикæйы Министрты Советы, облсовпрофы æмæ ФÆЛКЦ-йы обкомы уынафæ 1990 азы фыццаг кварталы республикæйы адæмон хæдзарады куысты бæрæггæнæнты тыххæй.

«Канд домын нæ, фæлæ æххуыс кæнын хъæуы» — афтæ хуыйны ССР Цæдисы адæмон депутат Г. Пронины статья.

Уæлахизы 45 азы бонмæ фыст сты А. Котовайы очерк «Ма дзур, хæст фæцис» æмæ ныхас «Чиныг — уый дæр цыртдзæвæн».

Номыры — æндæр æрмæг республикæйы цардæй.

362015 — ЦИАССР. г. Орджоникидзе. Тбилисы уынг. 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информацин — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырыта — фондз хатты. Индекс — 53901. 1

ЕИ 01226. Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуырон сыфы. Тираж — 23.500 Заказ № 258.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.